

**ИРИСХЪИ ИГАКÆЙ ФÆТТИЛЛЕФГÆНÆН НÆЙЙЕС, ФАЛ УÆДДÆР ЗУНДÆЙ АРХАЙÆ!..**

***Рюноске АКУТАГАВА (1892-1927), япойнаг финсæг: «Адæймаги цард сирникти къоппи хузæн æй: æгæр бæстон ибæл гъуди кæнун ходæги хузæн æй, ку нæ ибæл гъуди кæнай, уæд е ба тæссаг æй...» Аци загъдмæ гæсгæ, адæймаг куд расагъæс кæндзæнæй, дуйней адæмти цардиуагæ еудадзуг алли æверхъаудзийнæдтæй ка низмæнтуй, уони зæрдихатт ба цума циуавæр æй?.. Æвæдзи – тæссаг...***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№31 (1000) 2025 анзи 16 август – сухи мæйæ

Аргъ 1 туман


**ФИДБИЛИЗÆЙ ДÆХЕ РАГАЦАУ ГЪÆУАЙ КÆНÆ – КУ ÆРЦÆУА, УÆД ИН ХУАСÆ НÆБАЛ ЕС!..**

## НÆ ЗÆРДИХАРÆ – НÆ ТОГИГЪÆНСТ НÆДТÆ...



Къарæ ист æй социалон хизæгтæй

**Нæ тогигъæнст нæдтæ... Ка 'й зонуй, кæмæдæр æгæр карз фæккæсдзæнæй нæ аци загъд. Фал нæ нæдтæбæл ци берæ æверхъаудзийнæдтæ цæуй, цæйбæрцæбæл адзалхæссæг иссæнцæ, уой туххæй æндæрхузи куд зæгъдзæнæ?!. Расагъæс кæнайтæ: аци анзи æрдæгмæ Цæгат Иристони нæдтæбæл æрцудæй 372 транспортон бæлахи, еуæндæс æма инсæй адæймаги си фæммард æй, 557 адæймаги ба си аллихузон цæфтæ фæцæнцæ. Зæгъун гъæуй уой дæр, æма еци транспортон бæлæхтæй авд æма æртинсæйеми бахаудтæнцæ сувæллæнттæ дæр, æхсæрдæс æма æртинсæй си фæццæфтæ 'нцæ, уотемæй.**

**Мæнæ ци нимæдзти кой ракодтан, етæ нуртæккæ æндæр æнцæ – уæхæн бон, æвæдзи, нæ фæуууй, æма нæ республики сахартæ æма гъæути гъæунгти, уæдта се 'хсæн нæдтæбæл цидæр фидбилиз не 'рцудæй. Æма уой уингæй, нæ нæдтæ тогæйдзагæй-тогæйдзагдæр кæнунцæ, зæгъгæ, куд нæ бахъонц кæнæн!.. Уой фæдбæл абони нæ газети (4-5-аг фæрстæбæл) мухур кæнæн еу æрмæг, уæдта ибæл идарддæр дæр ма дзоруйнаг ан... Кæдимайди ба нæ фæдес фегъосиуонцæ æма сæмæ багъаридæ, нæдтæбæл цæуни æдасдзийнадæ кæмæй аразгæ 'й, уонæмæ.**

**НОМЕРÆН**



### ÆНОСТÆМÆ НИН ИМИСУЙНАГ ÆНЦÆ СÆ РОХС НÆМТТÆ...

Сæрдæй ма нимайгæ бæнттæ райзадæй, æма бабæй ралæудзæнæй фæззæг. Еци хабар нин алкæддæр цийнаг уидæ берæ æхцæуæндзийнæдтæй, уонæн сæ сæйрагдæр еу – нæ кæстæртæ зæрдрохсæй бакъахдзæф кæниуонцæ сæ уарзон ахургæнæндæнттæмæ. Фал нур еу æма инсæй анзей дæргъи нин фæззæги райдайæни фиццаг бæнттæ исунцæ хъонцгæнæн – зæрдристæй имисæн, 2004 анзи 1-3 сентябри Беслæни фиццаг скъолай ци æверхъауæй-æверхъаудæр фудбæлах æрцудæй, уоми ка бастъалдæй, еци сабийти æма хестæрти рохс нæмттæ.

Аци анз дæр æнхæстгонд æрцæудзæнæнцæ имисæн мадзæлттæ. Уонæмæ рагацау цæттæ кæнуни фæдбæл арæзт сæрмагонд организацион комитетæн æрæги ци æмбурд адтæй, уомæн разамунд лæвардта нæ республики Сæргълæууæг æма Хецауади Администраций разамонæг **Гобети Ибрагим**.

Æмбурди архайдтонцæ нæ республики Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Плати Альбинæ**, æнхæстгæнæг, барадæгъæуайгæнæг оргæнти, Дзæуæгигъæу æма Рахесфарси райони администрацити минæвæрттæ æма «Беслæни мадтæлтæ»-йи комитети иуонгтæ.

Фембæлди лæмбунæг дзубанди цудæй, 1-3 сентябри Беслæни фиццаг скъолай спортзал æма мемориалон комплекс «Изæдти сахар»-и алли анз ци мадзæлттæ исаразунцæ, уонæбæл. Гобети Ибрагим сæрмагондæй баханхæ кодта, уой æма еци бæнтти теракти амæттæгти æримисунмæ ке æрæмбурд уодзæнæнцæ Цæгат Иристони цæргутæ беремæй, тæфирфæсгæнгутæ Уæрæсей алли регионтæ æма фæсарæйнаг паддзахæдтæй, уой туххæй ба ке гъæуй объектти æдасдзийнади мадзæлттæмæ уæлдай æргом раздахун.

Æмбурди хатдзæгтæмæ гæсгæ дзуапдæтгутæн сæ размæ бæлвурд ихæстæ æвæрд æрцудæй нисангонд æмгъудтæмæ.

**НÆ ФИДИБÆСТИ КАДÆ ÆМА НАМУСИ ЦАУТÆ – НÆ СÆРУСТУРДЗИЙНАДÆ ÆМА НИФСДÆТТÆГ!..**



## СУРХ ÆФСАДИ АЛÆМÆТИ УÆЛАХЕЗ ИДАРД ИСКÆСÆНИ

Дуккаг дуйнеуон тугъди рæстæг æртæ æмцæдесон паддзахадей (ССР Цæдеси, Америки Еугонд Штатти æма Англий) разамонгутæн Ялти ци фембæлд адтæй, уоми куд бадзубанди кодтонцæ, уотемæй 1945 анзи 9 августи Советон Цæдес Японийæн фегъосун кодта æ нихмæ тугъд райдайуни туххæй. Æма уотемæй Сурх Æфсад райдæдта Дуккаг дуйнеуон тугъди кæронбæттæн хай æнхæст кæнунмæ. Æма 'й исæнхæст кодта дессагæй-дессагдæрæй. Милитаристон Япований нихмæ тугъд рахаста æдеугурæй цуппар æма инсæй бони. Уæди уæнгæ фурæстуд Квантуйнаг æфсади разамунд 19 августи Идард Искæсæни советон сæйраг командæкæнуйнадæн фегъосун кодта, æнæразвæлгъау капитуляцибæл арази ке 'й, уой. Æма еци æфсад бауорæдта Маньчжурий æ тугъдон архæйдтитæ, æ тугъдонтæ ба дзиллонæй сæхе уацари лæвардтонцæ. Фæстæдæр, 2 сентябри ба финст æрцудæй Япоиий æнæразвæлгъау капитуляций акт. Уоййадæбæл кæронгонд æрцудæй Устур Фидибæстон тугъдæн дæр æма Дуккаг дуйнеуон тугъдæн дæр.

Милитаристон Япоиий нихмæ тугъди архайдтонцæ иристойнæгтæй дæр беретæ. Уонæй еу – нæ номдзуд балхон Плити Иссæ. Уой туххæй æрмæг кæсетæ 3,6-7-аг фæрстæбæл.


http://gazeta-digora.ru

E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

***Фиццаг августæй фæстæмæ бафтудæй, косгæ ка кæнуй, еци пенсиесгутæй 2024 анзи ка куста æма анзи дæргъи æ кустдæттæг социалон фондмæ фæдзæхстадон феддонтæ кæмæн æрвиста, уони пенситæбæл. Сæ пенситæ син социалон фонд нæуæгæй банимадта. Уой хæццæ, алли пенсиесæгæн дæр æ уæлæнхасæн бафист æй фæйнæхузи. Тæккæ фулдæр пенситæбæл бафтудæй æртæ пенсион коэффициенти, кенæ ба 437,07 соми (еу пенсион коэффициент æй 145,69 сомми).***

## УСТУР ЦÆУГÆДОНИ АГЪАЗИАУДЗИЙНАДÆ РАЙДАЙУЙ Æ САУÆДОНИ МИНКЪИЙДЗИЙНАДÆЙ!..



# «СУМАХÆН АРАЗГÆ ÆЙ НÆ ФИДИБÆСТИ ИСОНИБОН!..»

«Æригон» – аци зæрдæхцæуæн ном хумæтæги лæвæрд не 'рцудæй уæ фембæлдæн. Уомæн æма сумах айтæ – искурдиадæгин, гъомусгин, хъæппæресгин студенттæ – нæ алæмæти есбес, нæ Фидибæсти сæйраг нифс. Сумахæй аразгæ 'й уæ регионти исонибон дæр æма нæ еумæйаг Райгурæн бæстæ – Уæрæсей исонибон æнæгъæнæй дæр. Уæ зонундзийнæдтæ, хиццаг фæндитæ æма хъæппæрестæбæл æнцойнæ кæндзæнæй нæ исонибон. Хъæбæр федарæй ми æруагæс кæнуй, форуми ци бæнттæ рарветайтæ, етæ уин цæмæдесаг æма пайдайаг ке уодзæнæнцæ, е. Базонгæ уодзинайтæ нæуæг адæми хæццæ, райсдзинайтæ нæуæг зонундзийнæдтæ, фæххуæрзефтонг уодзинайтæ кæрæдзей фæлтæрддзийнадæй… Æма еугур еци хуæрзтæй фæххайгин уодзинайтæ – иуазæгуарзон Иристони алæмæти рæсугъд æрдзи гъæбеси!..»


ПЛАТИ Альбинæ

Ауæхæн зæрдиаг арфитæй нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** исбоц кодта нæ бæсти студентти форум «Æригон-2025»-и архайгути. Æма ин æ арфи финстæг форум байгон кæнуни фæдбæл мадзали рæстæг æ номæй бакастæй нæ республики Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Плати Альбинæ**.

Аци мадзал дæр арæзт æрцудæй нæ региони разамонæг æма зонундзийнæдти федералон центр «Машук»-и хъæппæресæй. Уоми архайунмæ хуæнхаг гъæу Дæргъæвсмæ хунд æрцудæнцæ уæрæсейаг уæлдæр ахургæнæндæнттæ Цæгат æма Хонсар Иристони фæсевæдæй раздæр каст ка фæцæй æма си нерæнгæ ма ка ахур кæнуй, етæ – æдеугурæй æхсæзинсæй адæймаги.

Форуми цæттæгæнæн комитети минæвæрттæ куд радзурдтонцæ, уотемæй æ архайгутæн бацæттæ кодтонцæ гъæздуг ахурадон æма хейерхæфсæн программæ – «Машук»-и специалисттæ сæ зонгæ кæнунцæ, фæсевæдæн сæ ахури фæсте сæ зонундзийнæдтæ æма арæхстдзийнæдтæ æнхæстæй равдесунæн равгитæ син циуавæр къабæзти ес, циуавæр æхсæнадон æма кустадон проекттæбæл бакосонцæ, уæдта сæ райгурæн дууæ республикей идарддæри фæрнугадæбæл куд æфтауонцæ, уæхæн æма æндæр ахсгиаг фарстати фæдбæл фæндитæ æма амунддзийнæдтæ.

– Нæ фембæлди нисантæн сæ сæйрагдæртæй еу е æй, цæмæй фæсевæдæн еума хатт сæ зæрдæбæл æрлæууун кæнæн, Иристон æма еугур Цæгат Кавкази хуæдбундор культурæ, æгъдæуттæ æма историон хæзнатæ куд æгæрон цæмæдесаг æнцæ æма си алкæмæн дæр равгитæ ке ес, æ раунциуондзийнадæ æнхæстæй равдесунæн, æ бæлдитæ тæккæ зæрæдæмæдзæугæдæр хузи исæнхæст кæнунæн, – зæгъуй центр «Машук»-и генералон директор, уæрæсейаг æхсæнадæ «Зонадæ»-йи сæрдари хуæдæййевæг **Антон Сериков**.

Лекцитæ, тренингтæ, мастер-класстæ, æфсæддон службæгæнгути хæццæ, политикти хæццæ амалгъонти хæццæ, культурæ, спорти æма иннæ къабæзти зундгонд минæвæртти хæццæ фембæлдтитæ æма ма берæ æндæр хиццаг мадзæлттæй æнхæст æнцæ форуми архайгутæн сæ бони фæткитæ…

Антон Сериков ма куд баханхæ кодта, уотемæй зонундзийнæдти центр «Машук» æма Цæгат Иристони аци форум аразунцæ, 2023 анзи Петербурги дуйнеуон экономикон форуми ци æмгустади бадзурд бафинстонцæ, уой бундорбæл. «Машук» æма Цæгат Иристон еумæйагæй косунцæ аллихузон еумæйаг проекттæбæл дæр. Æма мæнæ ци форуми кой кæнæн, уой архайгутæн дæр си сæхе æнтæстгинæй бавдесунæн равгæ уодзæнæй.

Уæрæсей фæсевæд æ размæ циуавæр нисантæ æвæруй? Ахур æма кусти циуавæр бæрзæндтæмæ тундзуй? Аци æма æндæр фарстати хæццæ баст адтæй лекци æригон политологти еугуруæрæсеуон форум «Дигория»-йи разамонæг **Хугати Заурбегæн**. Уæрæсей идарддæри æнæкъулумпи райрæзт æма еци гъуддагмæ æригон фæлтæри байвæрæни туххæй форуми архайгутæн дзубанди адтæй Уæрæсей Федераций Совети размæ Нимæцон экономики фарстати фæдбæл советти иуонг, технологон хуæдбарæдзийнади федералон скъолай бундорæвæрæг **Нинæ Яныкинай** хæццæ, нуриккон киной аййевадæ фæсевæди цæбæл ахур кæнуй, циуавæр «хæзнатæ» син хæссуй сæ зундирахастмæ, уой тухха́й ба адтæй доклад разамунди еугуруæрæсеуон æрмадзæ «Сенеж»-и проректор **Михаил Канавцевæн**. Ке зæгъун æй гъæуй, форуми архайгутæмæ берæ фарстатæ разиндтæй лектормæ æма иннæ эксперттæмæ. Адтæй сæмæ ахедгæ феппайуйнæгтæ æма æндæр зæгъуйнæгтæ дæр.

Ахурадон мадзæлттæй уæлдай, форуми архайгуæн ес хеерхæфсæн гъæзтити архайуни фадуат дæр. Зæгъæн, адтæй си еристæ топпæй æхсунæй, мастер-класстæ нæ националон кæфтитæй, бæстæзонæн экскурситæ.

* * *

Форуми архайгути хæццæ фембалдæй нæ республики Сæргълæууæги æма Хецауади Администраций разамонæг **Гобети Ибрагим**. Ци берæ фарстатæбæл æрдзубанди кодтонцæ, уонæй сæ сæйрагдæртæ адтæнцæ сæрмагонд æфсæддон операций фæдбæл, æма æригæнттæ цæмæдесæй игъустонцæ еци ахсгиаг гъуддаги цаути хабæрттæмæ.

Еци фембæлди ма архайдтонцæ Плити Исси номбæл сæрмагонд полкки æфсæддонтæ **Гринко** æма **Тайгер**, уæдта сæрмагонд æфсæддон операций ветеранти Цæгат Иристони Ассоциаций разамонæг **Магкети Олег**.

– Хъæбæр федарæй ми æруагæс кæнуй, сумахæй алкедæр, æ равзурст дæснийади архайгæй, устур æнтæстдзийнæдтæй ке фескъуæлхтдзæнæй, – загъта æ радзубандий Гобети Ибрагим. – Уомæн æма сумах нур дæр æвдесетæ рæстаг нисанмæ тундзундзийнадæ, нæуæгдзийнæдтæй пайда кæнунмæ тулавастдзийнадæ. Сæйрагдæр ба е æй, æма уæмæ ес райгурæн Иристони хуæрзагадæн архайунмæ разæнгарддзийнадæ. Æма уин нæ зæрдæ зæгъуй, уæ еци нифсхастдзийнади уин куд бантæса, уæхуæдтæ дæр боз кæмæй уайтæ æма уи мах дæр сæрустур цæмæй уæн, уæхæн арфиаг гъуддæгутæ.

Аци фембæлди архайгутæ еумæ исистонцæ сæ къарæ, кæций мах дæр абони мухур кæнæн.

***ГÆТИЙТИ Светланæ***

## НÆУÆГДЗИЙНÆДТÆ

### КÆСТÆРТÆ АЛЦÆМÆЙДÆР РÆВДУД КУД УОНЦÆ...

*Уæхæн æй сæ нисанеуæг, фæстаг рæстæги нæмæ ци закъонадон æййивддзийнæдтæ фæззиндтæй, уони нисанеуæг. Ракæндзинан си цалдæрей кой.*



Надбæл цæуни æдасдзийнади нæуæг домæнтæмæ гæсгæ, минкъий сувæллæнтти ласунæн хуæдтолгити гъæуама уа хецæн урамæн фæрæзнæ – сæрмагонд бадæн, хуæдтолги æвæргæ авдæнæ кенæ, «бустер» ке хонунцæ, уæхæн бадæн. Нуртæккæ кæмæй пайда кæнунцæ, æма тасгæ ка кæнуй, еци урамæн фæрæзнитæ сувæллæнтти æдасдзийнадæн агъазгæнæгбæл нимад нæбал цæунцæ. Уæ зæрдæбæл уин æрлæууун кæнæн: хуæдтолги сувæллæнтти ласуни æдасдзийнади домæнтæ ихалуни тухха́й шофертæ иваргонд цæунцæ æртæ мин сомемæй (Уæрæсей Федераций Административон барадæихæлдтити кодекси 12.23 статьяй æртиккаг хаймæ гæсгæ).



Августи фиццаг бонæй æ тухи ци ГОСТ бацудæй, уонæмæ гæсгæ кæстæр кълæсти ахурдзаутæн сæ хизинти уæзæ 700 граммемæй фулдæр гъæуама ма уа, хестæркъласонтæн ба – еу килограммæй фулдæр. Е – айдагъ хизини уæзæ.

Изæрдалинги дæр хизинтæ цæмæй бæрæг дæронцæ, уой тухха́й сæ фæрстæбæл гъæуама уонцæ, таллинги ка 'рттевуй, уæхæн бæрæггæнæнтæ. Хизини кæрæнттæ циргъ гъæуама ма уонцæ. Кæстæркъласонтæн сæ усхъитæбæл даргæ хизинти рæнттæн сæ дæргъæ гъæуама уа 60-70 сантиметри, сæ уæрхæ ба – 2-4 сантиметри.

* * *

Аци анзи дуккаг æмбесæй æ хъаури бацудæй, скъоладзаути уæледарæсæн еумæйаг уагæ ка дæттуй, паддзахадон уæхæн стандарт. Документ æ хъаури бацудæй июлæй.

Нæуæг домæнтæмæ гæсгæ, скъоладзауи формæ гъæуама уа æнцондарæн бадунæн дæр, змæлунæн дæр, бакастæй ба – аййев, рæсугъд æма зæрдæмæдзæугæ. Закъонмæ гæсгæ ка не 'нгъезуй, уæхæн нисантæ ибæл гъæуама ма уа. Æнгъезуй паддзахадон æма патриотон æнкъарæнтæ 'взурæг нисантæ ибæл цæмæй уа, е.

**Устур Фидибæстон тугъди æхсаргин архайæг, Намуси æртæ къæпхæней орденхæссæг Мартыненко Николай Александри фурти райгурдбæл 15 августи исæнхæст æй фондз æма фондзинсæй анзи (1920-1992).**

*Мурасаки СИКИБУ (976-1016), япойнаг силгоймаг – финсæг: «Æнахур дессаг нæй е, æма цидæр листæгдзийнæдтæ æнай -æнойти зæрдæбæл æрбалæуунцæ, æ рæстæги нæ ка æзнæт кодта, етæ ба анзæй-анзмæ иронхгонд цæунцæ...» Уотæ Япониӣ, æвæдзи, феронх æнцæ, кæддæр сæ бæсти разамунди хилкъахæнти фудæй ци бæлæхти бахаудтæнцæ æма бабæй фудæзгелæнтæ кæнунцæ...*






# УОДÆЙ – ФЕДÆР, НИФСÆЙ – ÆХСАРГИН!..



*Плити Исси намусгин цардвæндаги туххæй ци берæ аллихузон документалон æма аййевадон уадзимистæ финст æрцудæй, уонæй уæлдай зундгонддæр æй Устур Фидибæстон тугъди архайæг, зундгонд финсæг ДЗАДТИАТИ Тотурбеги (1910-1984) уацау «Æхсаргæрдти зæлланг». Æвдист си цæуй, Плий-фурт милитаристон Японий нихмæ тугъдтити дæр куд æхсаргинæй фескъуæлхтæй, æ номдзуд бæхгин-механизацигонд къуарæн разамунд дæтгæй.*

*Еци тугъдтити рæстæг тæккæ зиндæр æма тæссагдæр адтæй Гобий æдзæрæг итигъдадæбæл бахезун, кæций уой алфамбулай цæрæг адæм хумæтæги не 'схудтонцæ «Сау мæлæт». Æма япойнæгтæ кæд уотæ æнгъæл адтæнцæ, уой сæрти неке бон неци хузи исуодзæнæй бахезун, зæгъгæ, уæддæр Плий-фурти гвардионтæн ба сæ бон бацæй, уæди уæнгæ ка некæмæн ма бантæстæй, еци гъуддагмæ исарæхсун æма сæ размæ æвæрд тугъдон ихæстæ æнхæстæй исæнхæст кæнун.*



*Еугур еци хабæрттæ аййевадон дзурди фæрци æвдист цæунцæ роман «Æхсаргæрдти зæлланг»-и. Абони си мухур кæнæн хецæн скъуддзаг.*

Чахари провинций хъаппæ – Чжанбэйи адтæй берæ æфсæдтæ, æфсæддон минкъий сахартæ, аэродромтæ, тохæнгæрзти цалдæр бунати, ци нæдтæ имæ цæунцæ, уони еугонд; провинций жандармти ахæстдонæ дæр ами адтæй æ тугъдон хъаурити хæццæ.

Исси æфсæдтæ æвеппайди æртухстæнцæ сахарбæл æма гарнизонæн фезмæлæн некæцирдæмæ бал адтæй. Уæхе раттетæ, æнæ тог никкалгæй, зæгъгæ, Иссæ барвиста сахари хестæртæмæ ультиматум. Фал етæ загътонцæ: «Тохдзинан фæстаг æфсæддони уæнгæ».

– Ци рамолайтæ, е – уæхе! Æма Иссæ бардзурд равардта сахари гарнизонбæл атакæй бампурсунмæ.

Знæгти дивизи æма æндæр æфсæддон хæйттæ жандармти управлений хæццæ карз тохти дæрæнгонд æрцудæнцæ...

Чжанбэй адтæй Калгани æфсæддон федари дæгъæл æма нур бафтудæй Исси къохи.

## ЗНАГИ ФÆНДИТÆЙ ФÆРРАЗДÆР УО, ЦÆМÆЙ СИ УАЙ ТУХГИНДÆР!..

Æсгаргутæ фегъосун кодтонцæ командæгæнæгæн: Калган æрдæмæ Китайи устур фæрсрæбунти æмпурсунцæ япойнаг дивизитæ... Æфсæнвæндаги станций къох бакæнæн нæбал ес æфсæддон эшелонтæй... Инæлар Дамирин-Сурон исарази æй ультиматумбæл Калгани федари капитуляций туххæй...

Исси æфсæдти рази ци федаргонд районтæ адтæй, уонæн сæ тæккæ хъаурæгиндæр æма зиндæр адтæй Калган. Аци федармæ нимпурсуни размæ Иссæ æрæмбурд кодта æ командирти æма лæмбунæг дзубандибæл æрлæудтæй сæ хæццæ.

– Инæлар Хикосабуро Хатайи, – Японий Квантуйнаг æфсади штаби хецау æрæги уотæ загъта: «Калгани федæртти системæ ка басæтта, уæхæн æфсад нæма райгурдæй...» Е еуæрдигæй раст æй. – Иссæ равдиста æ командиртæн федари схемæ, уотемæй дзурдта:

– Япойнæгтæ, Калгани федæрттæ аразгæй фондз анзей дæргъи китайаг æма монгойлаг цагъайрæгти къохтæй цæмæй федари пълан ма раргом уа, уой туххæй ниццагътонцæ, ка 'й аразта, уони косгути. Федæртти рази – нæуæг конд будуртæ... Будурти фæсте – Гобий хæмпæлгæрдæги буни фæцæнцæ уобæуттæ, мегъти хузæн зиннунцæ. Етæ уобæуттæ нæ 'нцæ, æфсæйнаг бетонæй арæзт дортæ æнцæ – тохæн мæсгутæ. Уоми зиннуй юртитæ дæр, цума цæрæнбунат æй, уотæ. Фал юртитæ нæ 'нцæ, гъæу дæр нæй – дзотти рæнгъитæ 'нцæ етæ.

Уойбæрцæ тохæн бунæттæ арæзт æрцудæнцæ техники фæстагдæр æскъуæлхтдзийнæдти домæнтæмæ гæсгæ. Зæнхи буни римæхст ес хуарз цæрæнбунæттæ, уæдта зæнхи бунти цæуæн нæдтæй баст æнцæ кæрæдзей хæццæ. Зæнхи буни римæхст ес уæлдай тохæнгæрзтæ æма хуæлци къæбецтæ. Цубурдзурдæй, федар гъæуайгæнгутæ фондз анзи ку тохонцæ, уæддæр гъæуагæ нецæмæй уодзæнæнцæ. Е адтæй Калгани федар. Кæсетæ имæ? Зиннуй арви 'рдигæй къæлæтæй æма æ алфамбулатæй будурти сæрти кæсуй. Æ кæрæнттæ 'нцайунцæ Китайи устур къолæбæл, ами Вань Личанчэм ке хонунцæ, уобæл...

– Ци мæрддаг фарс æй е, æмбал командæгæнæг? Минкъийæй нуриуæнгæ ин æ кой игъосун, фал ин лæдæргæ неци кæнун, – æ дзубанди багæлста Попов.

– Æз дæр ин æ истори нæ зонун, – бахудтæй имæ Иссæ. – Ами æй хонунцæ, «дæс мин лийи дæргъæн фарс». Арæзт æй гранит дори устур фæзгъæртæй. Æ фиццаг хайи дæргъæ хъæртуй цуппар мин километремæ. Уæрхæмæ ба уæхæн æй, æма ибæл машинæ дæр разелдзæнæй, æ бæрзæндæ – дæс метрей бæрцæ, кæмидæрти ба бæрзонддæр.



**Советон тугъдонтæ, бацæуун æнгъæл сæ кæми нæ уиуонцæ, сауæнгæ уæхæн рауæнти дæр бампурсиуонцæ æма дæрæн кодтонцæ япойнæгти.**

Æ исаразунбæл рагон æности фæгъгъезæмарæ кодтонцæ миллионгай фæллойнæгæнæг адæмтæ æма 'й куд исаразтонцæ, уотемæй лæууй æности дæргъи. Неке ин тухæ кæнуй, уотемæй æ «куст» кæнуй – гъæуай кæнуй æндагон лæборгутæй, ка 'й исаразта, уони фæдонти... Лæмбунæг уин цæмæн кæнун аци фарси кой, уой лæдæретæ, нæ идарддæри æмпурсæн будуртæ райтинг æнцæ Китайи устур фæрсрæбунти...

Иссæ картæбæл амудта сахартæ – Тяньчжень – Калган – Дунпэнцзи – Ханцзи – Гоукой – Губэйкой, Каоманьцзи – Сафинкоу æма уотæ сауæнгæ Ляодуни донкалæнмæ.

– Аци дæлвæзти федæрттæ знæгтæ хонунцæ хъиамæти исæфти цирт. Япойнæгтæ куд æррайæй тох кодтонцæ нæ нихмæ, уой дæр лæдæретæ, «Банзай, Банзай!», – гъæр кæндзæнæнцæ, цалинмæ сæ мæлæтдзаг цæфтæ никкæнæн, уæдмæ. Квантуни æфсади командæгæнæг инæлар Ямадо ба рагæлста нæ нихмæ нæуæг дивизитæ центрон Китайæй. Фал мах гъæуама уони æрбахъæртуни разæй райсæн Калган æма знаги иннæ сæйрагдæр федаргонд районтæ...

## ФÆУУÆЛАХЕЗ ÆНЦÆ ÆДЗАРД БУДУРТИ ФУДМИУТÆБÆЛ ДÆР

Бæзгин сау мегътæ сæ буни фæккодтонцæ устур Хингани хуæнхтæ æма кæмттæ. Арви гъæрæй хуæнхтæ æзмалдæнцæ. Арви нæрунæй ихалдæнцæ къæдзæхтæ. Уарун не 'нцадæй, уардта æзинæ, æндæрæбонæ, аци сæумæ дæр. Ивулдæнцæ дæнттæ, ихалдтонцæ нæдтæ, пурхæ кодтонцæ хедтæ. Цубурдзурдæй, арв æма зæнхæ кæрæдзей хуастонцæ. Аци афони, августи мæйи алли анз дæр уæхæн уарунтæ фæууй Устур Хингани. Æма Плити Иссæ дæр æнæргъудийæй нæ гæлста æхе е 'фсæдти разæй уæхæн тузмæг хуæнхти сæрти.

Цæветтонгæ, цалдæр боней размæ Фæсбайкали фронти штаби федар кодтонцæ Маньчжурий бæсти япойнаг æвзаргæдæр Квантуйнаг æфсæдти цубур æмгъудмæ ниддæрæн кæнуни оперативон пълан. Фæлтæрдгин инæлартæмæ Исси фæндæ – Æдзæрæг Гобибæл æма Устур Хингани тугъди сæрти Пекинмæ æмпурсун уæд фæккастæй фунау. Æма уотæ гъуди кæнунæн дæр бундор адтæй: уæхæн афонæ, августи мæйи, Гоби æма Хинганбæл теуати хæццæ рацæуун дæр неке æндиудта. Уомæн æма Гобий хор сугъта уодæгас бауæр æма зайæгойти. Уæлдæфи тæвдæ 40 градусæй фæффулдæр уидæ, зæнхи æскъудтити теуатæ дæр ранихъулиуонцæ. Дони хупп си иссерæн нæ адтæй. Гобий будурти цæхæрау æзменси тумугътæ ба – тæккæ устурдæр хъиамæт: сæ буни сугътонцæ цийфæнди æзмæлæги дæр.

Фал Плити Иссæ равдиста зингæ арæхстдзийнадæ æма е 'фсæдти хæццæ фæуууæлахез æй сærисæфæн Гобий еугур фудмиутæбæл. Нур Иссæ е 'фсæдти исхудта Устур Хингани фæхстæмæ. Фал сæ ами, хуæнхтæбæл хезгæй, æрахæстонцæ сау мегътæ æма тухгин уарунтæ.

Аци уазал бони Иссæ рæфтæмæ исхъæрттæй рагъмæ е 'фсæдти разæй, æсгаргути хуæдфæсте.

## ÆРДЗИ ФУДÆВЗАРÆНТÆЙ ТУХГИНДÆР РАЗИНДТÆНЦÆ ПЛИЙ-ФУРТИ ÆФСÆДДОНТÆ

Иссæ лæудтæй бæрзонд хонхи цъопбæл æма фæйнердæмæ кастæй. Нурмæ бал ин адтæй уолæфуни рæстæг. Хуæнхтæ, Устур Хингани бæрзæндтæ. Фиццаг хатт сæ уинуй Иссæ. Уарун не 'нцадæй – уардта æма уардта, дон лæсæнтæ кодта. Арви цæхæртæмæ фертевиуонцæ хуæнхтæ æма идардмæкæсæнтæй цинæхузи хузæ райахæстайуонцæ. Хуæнхти фæрстæбæл мулдзугути хузæн æзмалдæнцæ донласт кавалеристтæ, мотоциклисттæ æма фестæг æфсæддонтæ гъавгæй цудæнцæ сæ тохæнгæрзтæ, гилдзитæ æма æфсæддонти фæндаггон хуæруйнагæй идзаг дзæкъолти хæццæ.

6

**Цуппаринсæй анзей размæ (1945 анзи 22 августи) Фæсбайкайлаг фронти авиацион десанттæ япойнаг æрбалæборгутæй исуæгъдæ кодтонцæ историон сахартæ Порт-Артур æма Далянь (Китай).**

***Тикис, дан, тæвдæ къæйæбæл еу хатт ку ‘рбада, уæд имæ дуккаг хатт хæстæг дæр нæбал бацæудзæнæй. Уогæ уазал къæйæбæл дæр нæбал æрбаддзæнæй. Уæд тикиси куд нæ бафæнзæн: фидбилиз нин ци ‘й, уой зонгæй æй цæмæн кæнæн?***

# НÆ ЗÆРДИХАРÆ – НÆ ТОГИГЪÆНСТ НÆДТÆ...


Къарæ ист æй социалон хизæгтæй

Нæ абони дзубанди ци уæззауæй-уæззаудæр хабæртти фæдбæл æй, уонæмæ гæсгæ зæрдæбæл æрбалæууй нæ разагъди Санати Семи таурæхътæй еу.

*Аци алцизонагæ æма алциуинагæ лæг дзорун ба, дан, райдæдта æртæ мæйи ибæл ку исæнхæст, уæд.*

*Æма дин сабий еууæхæни æ авдæнæй гъæр кæнуй, цæмæй æй фæххæссонцæ Лæци Нихæсмæ. Æма уоми бадæг адæмæн ку зæгъидæ:*

*– Байгъосайтæ мæмæ мæнæ хуарз адæм, дессаги фунтæ фæууидтон, æма уин сæ радзорон. Æзинæ ку бафунæй дæн, уæд мæ фуни зайуйнаг гадздзай сæрти бахизтæн, æма мæбæл æ губунæй æ къæбулатæ рæйдтæнцæ, æхуæдæг ба мæмæ не ‘систадæй».*

*Адæм æй фæрсунцæ:*

*– Е цæмæ цæуй, уой нин зæгъæ, Сем.*

*– Е ба уомæ цæуй, æма уæхæн рæстæг искæндзæнæй, æма кæстæр хестæрæн зунд амондзæнæй…*

*Уой фæсте Сем æ дуккаг фун дæр радзурдта адæмæн.*

*– Сæрак æма худзарм бурдæнцæ бæласæбæл. Худзарм æ цъопмæ исбурдæй бæласæн, сæрак ба е ‘мбесæй рахаудтæй…*

*– Е ба ци уодзæнæй, Сем?*

*– Е ба уой нисан кæнуй, æма сау æма ездон нæбал уодзæнæй. Адæм æмхузон исуодзæнæнцæ. Уæхæн рæстæг искæндзæнæй æма адæми хъаурæ нæбал уодзæнæй, фал хуæнхти цъæсгитæ кæндзæнæнцæ, арви урухи тæхдзæнæнцæ æма хуæдтолгæ уæрдунти баддзæнæнцæ.*

Сем æ фуни цитæ фæууидта, уонæн сæ еугурей кой нæ кæндзинан, фал си еуей туххæй уотæ зæгъæн: æцæгæйдæр, адæм хуæдтолгæ уæрдунти бадун байдæдтонцæ. Уой дæр сæбæл уоййасæбæл исæхцул æнцæ, æма æнæ уонæй син цард неци адæ кæнуй – раст сабий æнæ гъазæнтæй бухст куд нæ фæразуй, уотæ хестæртæ дæр мондагæй-мондагдæр кæнунцæ хуæдтолгитæбæл. Æма син кæд цидæр зæрдæхцæуæндзийнадæ фæххæссуй, уæддæр гъуддаг еу афони ба сæ еци тулавастдзийнадæ кæрззилд никкæнуй адзалхæссæгæй – сæхецæн дæр æма æвуд адæмæй беретæн дæр…

Уой нæ еугурдæр ку уинæн: нæ нæдтæбæл куд фулдæр кæнунцæ хуæдтолгитæ, уотæ фулдæрæй-фулдæр кæнунцæ уой фудæй æверхъау цаутæ, берæ адæм си бастъæлуй, уотемæй. Æма еци уавæр иссæй еугурпаддзахадон сæринез. Кутемæй си фæййервæзæн, зæгъгæ, уой фæдбæл берæ аллихузон мадзæлттæ арæзт бæргæ цæуй, фал уоййасæбæл нæ фæррæстмæ унцæ…

Аци гъуддаг куд нæ тухсун кæнуй, нæдтæбæл хуæдтолгитæбæл цæуæг адæми.

## НÆУÆГДЗИЙНАДÆ РÆУÆГДЗИЙНАДÆ ХÆССÆГ КУ НÆ УА...

***КЪЕСАТИ Владимир, хуæдтолгæ тæрæг:***

*– Алли бон дæр мин цæугæ рауайуй «Æрхонки зилд» ке хонунцæ, еци надбæл æма си еудадзугдæр баййафун, ка си искъупхæ уй, уæхæн берæ хуæдтолгитæ. Мадта уоми еу тегъæй иннемæ цæмæй байервæзай, уой туххæй дæр дæ гъæуй дæ сæр разелæ-базелæ кæнун, цæмæй æдасæй бауайай, уомæ гæсгæ. Мæнмæ гæсгæ уойбæрцæ берæ хуæдтолгитæ кæми дууердæмæ кæнунцæ, уоми æнæмæнгæ гъæуй светофор. Раздæр си бæргæ адтæй, æма уæд хуæдтолгити цуд дæр уагæбæл æвæрд адтæй, нур ба тох цæуй æз фæрраздæрунбæл. Уотемæй ба светофортæ æргъуди кодтонцæ нæдтæбæл æдасдæрæй цæуни туххæй. Æма æвæрд ци гъæунгти тегътæбæл æнцæ, уоми алкæддæр уавæр нивæбæлдæр фæууй. Раст зæгъун гъæуй, не ‘хсæн разиннуй уæхæн æнæсæрфат рульбæлбадгутæ, кæцитæн уæлдай нæй, айдагъдæр багæпп кæна, ескети нæдтæ къуæргæй. Фал махæн ба уæхæн уавæрти зин косæн æй.*

***ТУАТИ Геуæрги:***

*– Нур финддæс анзей бæрцæ цæун айдагъ нæхе Иристони нæ, фал æнæгъæнæ Уæрæсей хонсар хаййи нæдтæбæл дæр. Мæхуæдæг æвдесæн дæн, фæстаг рæстæгути хуæдтолгити нимæдзæ куд фулдæр кæнуй, нæдтæбæл ба цæйбæрцæбæл зиндæр цæуæн иссæй, уомæн. Уомæ гæсгæ ба нæдтæбæл цæуни фæдбæл ци фæлварæнтæ конд цæуй, уонæмæ кæсун гъæуй лæдæраги цæстæй. Нæ сахари «зæронд хаййи» гъæунгтæ æ рæстæги уотæ æвæрд æнцæ æма син нуртæккæ фæууруххдæргæнæн неци хузи ес. Уомæ гæсгæ ба хинцун гъæуй еци уавæртæ. Нæдтæбæл цæуни æдасдзийнади туххæй ци фæлварæнтæ арæзт æрцæуй, етæ фулдæр хæттити хуæздæрæрдæмæ нæ рауайунцæ. Компьютертæй модельтæ аразун æма уордигæй хатдзæгтæ кæнун фагæ нæй нæдтæбæл цæуни уавæр фæххуæздæр кæнунæн, æнæмæнгæ гъæуй адæми гъудимæ æригъосун æма нимайун дæр, ци нæ фæууй, æма уони зæгъуйнæгтæ гъуддагæн агъазгæнæг разиндзæнæнцæ.*

***ТАУАСИТИ Тотраз, уæзласæн хуæдтолги шофер:***

*– Нæдтæбæл æдасæй цæуни фæдбæл ци фæлварæнтæ арæзт цæуй, етæ еугурæй пайдахæссæг нæ разиннунцæ, гъулæггагæн. Практикæ уомæн хуарз æвдесæн æй. Æрхонки фæззелæни светофор рандæ кодтонцæ. Хуæдтолгитæ уотæ нæбал къупхæ кæнунцæ еу рауæн, фал уой хигъдмæ ба фæндаггон фидбилизтæ ‘рцудтити нимæдзæ ба фæффулдæр æй.*

*Нур ба Китайаг фæзи дæр гъавунцæ светофортæ исесун, фал адæм ба мæти бафтудæнцæ, надбæл цæхгæрмæ куд хездзæнæнцæ, уой фæдбæл. Хецæуттæ унаффитæ рахæссунцæ, еуæй-еу хатт гъуддагбæл кæронмæ нæ рагъудигæнгæй. Фулдæр хинцун гъæуй рахаст уагæвæрдтитæ сæ фæдбæл ци фæстеугутæ расайдзæнæнцæ, уони.*

***ÆЛБОРТИ Аринæ:***

*– Раздæри рæстæгути хæццæ рабаргæй, нуртæккæ нæдтæбæл цæуни уавæр бустæгидæр исæндæрхузон æй. Мæхуæдæг æвдесæн фæуун, шофертæй беретæ куд фæййархайунцæ сæ хуæдтолгитæ æхсæн-мæхсæнти рацæвунбæл, мæнæ цума, ранæхстæруæвæг поезди фæстаг вагонмæ багæпп кæнунмæ фæгъгъавунцæ, уой хузæн.*

*Мæнмæ светофортæбæл цæун пайдайагдæр гъуддаг кæсуй. Сувæллæнттæй дæр нæ скъолати уотæ ахур кодтонцæ. Уæдта фестæгдзæугутæн дæр е æдасдæр æй. Нæ сахари ба берæ ес зин бахезæн бунæттæ, фал сæмæ кæсæг ба нæййес.*


Æрхонкаг зилд

## НИМАЙУНТИ НИМÆДЗТÆЙ НИМАДДÆР ГЪÆУАМА АДÆЙМАГИ КАРНÆ УА

Нæуæгдзийнæдтæ ку нæ фæррæстмæ унцæ, уæд сæ исаразгутæ бабæй архайун байдайунцæ нæуæг æндæр ести æргъуди кæнунбæл. Мæнæ нуртæккæ дæр бабæй дзиллон хузи дзубанди цæуй нæдтæбæл цæуни æдасдзийнади нæуæг стратегибæл. Æ сæйраг нисанеуæг – нæдтæбæл адзали цаутæ фæмминкъийдæр, кенæ ба бустæги искунæг кæнун.

Раздæри стратеги куста 2018 анзæй ба фарни уæнгæ. Æ ихæс исæнхæст кодта, зæгъгæ, нимад бæргæ цæуй, фал уобæл зинтæй исарази уæн ес. Нæдтæбæл ци адзали цаутæ ‘рцæуй, уони бæрцæ нимад цæуй хуæдтолгити бæрцæмæ гæсгæ. Æма, зæгъæн, фарæ 10 мин хуæдтолгемæ гæсгæ фæммард æнцæ 2,28 адæймаги – гъома, æрцæуйнаг ци бæрцæ æнгъалдтонцæ (2,36), уомæй минкъийдæр. Æцæг ами уой дæр нимайун гъæуй, æма уæди рæстæги зингæ фæффулдæр æй хуæдтолгити бæрцæ дæр.

Цийфæнди «нифсдæттæг» ку уонцæ официалон статистики бæрæггæнæнтæ, уæддæр нæ уони еумæйагдзийнадæ гъæуама æгириддæр ма сабур кæна. Еци еумæйаг нимæдзтæй нин зæрдристагдæр е æй, æма еци адзали цаути бастъæлунцæ бæлвурд адæймæгутæ – нæ хеуæнттæ, нæ зонгитæ, нæ хъазари-хъазардæртæ.

Гъе уомæ гæсгæ ба нæ уоййасæбæл устур сагъæси æфтауй, нæдтæбæл ци фидбилизтæ æрцæуй, уони нимæдзæ. Зæгъæн, фарæ нæдтæбæл ци фидбилизтæ ‘рцудæй, уонæми фæммард æй 14 403 адæймаги, уæззау цæфтæ ба си фæцæй 164754 адæймаги. Уæлдай æверхъаудзийнадæ ба е æй, æма 2018-2024 æнзти нæдтæбæл адзали цаути фæммард æнцæ, цæуæт исæнтæсун кæнунгъон кари ка адтæй, уæхæн берæ æригон силгоймæгтæ – уой фудæй нæ бæсти рæстæмбес нимадæй дуйне рохс нæбал фæууидтонцæ исæнтæсуйнаг инсæй мин сувæллони.

Специалисттæ куд зæгъунцæ, уомæ гæсгæ нæдтæбæл фидбилизтæ ‘рцудтити нихмæ ес ахедгæ мадзæлттæ аразæн.

*Нæ фидтæлтиккон æмбесæндтæмæ гæсгæ, Хуцау, дан, æдулити æма сабийти гъæуай кæнуй. Сабийти туххæй лæдæрд æй, фал æдулити туххæй ба… Кæд уони гъæуай кæнуй, уæд æма сæ æдули миутæй цæмæннæ гъæуай кæнуй мах ба, зæрдæй æма ин уодæй табугæнгути?..*



Æма сæ гъæр дæр бæргæ кæнунцæ, фал сæ игъосæг ба нæййес. Фиццагидæр хуæздæр кæнун гъæуй нæдти æма уонæбæл цæуни еумæйаг уавæртæ, иннемæй гъæуй къæрцгъосдæрæй кæсун, нæдтæбæл фидбилизтæ цæй фудæй æма кутемæй æрцудæнцæ, уомæ, æма исбæлвурдгонд хатдзæгтæмæ гæсгæ ба нисан кæнун мадзæлттæ, цæмæй уæхæн цаутæ æстæндæр цæуонцæ, уомæн.

Нæдти уавæри туххæй ба уотæ зæгъун æнгъезуй, æма раздæри стратегий комкоммæ куд финст адтæй, уотемæй нæдтæбæл æрцæуæг транспортон фидбилизти фæдбæл арæзт гæгъæдитæй алли дуккаги дæр амунд цæуй нæдти бустæги æдзæллагдзийнадæ. Нæуæг стратегий нæдти хуæрзгъæдæдзийнадæмæ æргом уоййасæбæл æздæхт нæ цæуй. Фал æркæсуйнаг æй мæнæ ауæхæн хабар: нæдтæбæл ци адæм фæммард унцæ, уонæн сæ цуппæрæймаг хай рауайуй, хуæдтолгæскъæрæг æхе надæй е ’рбакомкоммæ ’рбацæуæг транспортон фæрæзни надмæ ке рахезуй, уомæ гæсгæ. Мæнæ ци документи кой кæнæн, уоми уотæ загъд ес: «Нæдтæбæл транспортон фидбилизтæн сæ дууæ æртиккаг хаййи æрцæунцæ, комкоммæ ’рбацæуæни надмæ рахезуни барæ кæми ес, уæхæн рауæнти. Фулдæр хæттиты (цаутæн сæ 70 процентæ) шофертæ сæ разæй цæуæг хуæдтолгæбæл фæййеуварс кæнунбæл гъавгæ дæр нæ фæккæнунцæ…»

Мадта уæд шофертæ сæ нихмæ ’рбацæуæг хуæдтолгити надмæ цæмæн рахезунцæ? Махмæ гæсгæ, æвæдзи, уой фудæй, æма сæхе надбæл æгæр берæ къæхтитæ æма хъинцгæнæнтæ ке фæууй, кенæ ба надбæл надамонæн хæнхитæ хæрæ-уæрæ нисангонд ке фæуунцæ, уой бæлахæй.

## ЕУГУР ПАДДЗАХАДÆН ДÆР ÆМА НИ АЛКÆМÆНДÆР АХСГИАГ ФАРСТАМÆ – ФУЛДÆР ГЪОСДАРД

Специалисттæ куд нимайунцæ, уотемæй нæдтæбæл цæуни æдасдзийнади домæнтæ цæмæй æнхæстгонд цæуонцæ, уой туххæй фиццагидæр гъæуама уонцæ гъæугæ хузи лигъз, уæдта сæбæл ци хæнхитæ фæууй, етæ дæр уонцæ раст. Надамонæг нисантæй дæр берæ аразгæ ’й – етæ гъæуама уотæ сагъд уонцæ, цæмæй агъазгæнæг уонцæ нæдтæбæл фидбилизтæн æгириддæр не ’рцæунæн. Нæуæг стратегий амунд цæуй, кутеймæти гъæуама минкъийдæргонд цæуонцæ транспорти уоленти цæуæг фæрæзнити æскъæргути хæлхъойтæ адæм æма фонсласæн хуæдтолгитæ ’скъæргути медастæу, хецæнæй цæуæн равгитæ син уа. Мадта фестæгæйдзæугутæн дæр исаразун гъæуй кенæ сæрмагонд хедтæ, кенæ ба зæнхи бунти цæуæнтæ, надбæл «зебритæ» ке хонунцæ, уони бæсти.

Ци хъор кæнуй уæхæн фадуæттæ аразунæн уæлдай тæссагдæр ци рауæнти фæууй, уæхæн рауæнти, уæлдайдæр ба фæссахарти? Махмæ гæсгæ, надбæл æнæфидбилизæй цæуни фарстатæ æнхæст кæнунæй ихæсгин ка ’й, еци хецæуттæн нæ фагæ кæнуй рауон-циуондзийнадæ. Гъуддаг уой медæгæ ’й, æма хуæдтолгитæ ци нæдтæбæл цæунцæ, етæ дехгонд цæунцæ сæрмагонд кълæстæбæл. Уæлдæр кълæсмæ хаст ци нæдтæ цæунцæ, уонæбæл гъæуама æнæмæнгæ уа хецæнгæнæн хæнхитæ æма сæбæл фестæгæйдзæугутæ фестæгæй цæхгæрмæ ма цæуонцæ. Дæлдæр кълæстæмæ ци нæдтæ хаст цæунцæ, уонæмæ ба уæхæн домæнтæ æвæрд нæ цæуй. Уомæ гæсгæ ба проекттæ аразгутæ сæхемæ уæлдай ихæстæ æма уæлдæй хæрзтæ нæ райсдзæнæнцæ. Уой фудæй ба уæхæн «æлгъист» рауæнти исæвзуруй уæхæн уавæртæ, æма си хуæдтолгитæ сæ кæрæдзебæл исцурæвæрæ унцæ, сæхе пурхæ кæнунцæ. Уæхæн уавæрти алли къуæре дæр æнæрцæугæ нæ фæууй адæймаг кæми нæ бастъæла, кенæ ба кæми нæ фæммард уа, уæхæн фидбилистæн.


Къарæ ист æй социалон хизæгтæй

Федералон нисанеуæг кæмæн ес, еци нæдтæмæ ахиддæр цæстдард цæуй, ахиддæр сæ цалцæг кæнунцæ. Фал етæ, уæлдæр кълæсмæ хаст ка цæуй, уæхæнттæ ’нцæ, муниципалон нæдти уавærмæ рахаст ба бустæгидæр æндæрхузи æй.

Æма нæ зæрдæ дарæн, исонибони нæдтæбæл цæуни æдасдзийнади нæуæг фæткитæ æма æгъдæуттæ ку æрфедар кæнонцæ, уæд еци нæдтæ дæр гъæугæ цæстдарди уавæртæ син исаразунæй гъудигонд ке ’рцæудзæнæнцæ, уобæл. Уотемæй фадуат фæууодзæнæй бунæттон бæрнон косгутæн, уæлдæр æма дæлдæр кълæстæмæ нæ кæсгæй, нæдти уавæртæ цæхгæр фæххуæздæр кæнунæн. Уогæ хецæн регионти нерæнги еци архайд рапарахат æй. Уомæ гæсгæ уотæ зæгъун æнгъезуй, æма алцидæр баст æй, хецауади архайд цæйбæрцæбæл рæстмæзундæй арæзт цæуй, уой хæццæ. Цæмæй еци куст еудадзугон исуа, уой туххæй ба гъæуй гъос фулдæр æрдарун, еугурпаддзахадон ахедундзийнадæ кæмæн ес æма нæ еугуремæн дæр цардгъондзийнади нисанеуæг ка ’й, еци гъуддагмæ, æма уæд фæндаггон фидбилисти бæрæггæнæнтæ дæр цæхгæр кунæгдæр кæнун байдайдзæнæнцæ.

## БАЙАРХАЙÆ БÆЛАХИ БАХАУÆГÆН ФÆЙЙАГЪАЗ КÆНУНБÆЛ!..

Надбæл транспортон фидбилиз кæми æрцудæй, уоми ку разиннай, уæд, ка си бахаудтæй, уой (кенæ уони) фæййервæзун кæнунæй ихæсгин ни æй алкедæр. Сæйрагдæр – кæд дæ бон æй æма арæхсис, уæд медицинон æгъдауæй фæййагъаз кæнæ.

Мæнæ уæлдæр ке кой ракодтан, еци нæдтæбæл цæуни æдасдзийнади раздæри стратегий куд амунд адтæй, уотемæй федералон æма, феддонтæ ци нæдтæбæл есунцæ, уоми фидбилизæрцуди фæстеугутæ дзæвгарæ тæссагдæр æма уæззау фæуунцæ, уæхæн нæдтæбæл фидбилиз ку ’рцæуй, уæд, ка си бахауй, етæ уæззаудæр цæфтæ фæуунцæ, медицинон агъаз ба сæмæ æрæгæмæдæр фæхъхъæртуй. Уотæ рауайуй, æвæдзи, уомæ гæсгæ дæр, æма уæхæн нæдтæбæл хуæдтолгити хецæуттæ тагъддæр фескъæрунцæ æма, фидбилиз кæми ’рцудæй, уоми си еске æрлæудзæнæй, е хъæбæр дузæрдуггаг æй. Нæуæг стратегий куд загъд ес, уотемæй 2017-1024 æнзти уæхæн нæдтæбæл фидбилизæрцудтити нимæдзæ фæмминкъийдæр æй 1,2 процентей бæрцæ. Фал уой хæццæ федералон нисанеуæги нæдтæбæл фæммард æнцæ, æдеугурæй нæдтæбæл ка фæмард æй, уонæн се ’ртиккаг хай, уотемæй ба сæ дæргъцæ нæ бæсти еугур нæдти дæргъцæн æй æдеугурæй æ 4,1 проценти.

Ку зæгъæн, нæдтæбæл ци фидбилизтæ ’рцæуй, уонæми уæззау цæфтæ ка фæууй, уонæмæ медиктæ ахид æрæгиау æрбахъæртунцæ. Еци уавæр фæххуæздæр уодзæнæй, зæгъгæ, нæ зæрдæ хъæбæр дардтан системæ «Эра Глонасс»-бæл. Уой бон æй, шофертæй ци дзоргæ курдиæдтæ ’рбацæуй, уони рартасун, уæдта фæндаггон фидбилизæрцуд исбæлвурд кæнун дæр автоматикон æгъдауæй – тагъд оперативон службæмæ бадзорæн кæмæй ес, уæхæн фæрæзнитæй, еуæй-еу хатт ба телефон ахæсгæ дæр нæ фæккæнуй еци рауæн.

Медицинон тагъд агъаз бакæнуни системæ дæр анзæй-анзмæ æнхæстдæргæнгæ цæуй æма нуртæккæ, фидбилиз кæми æрцудæй, уордæмæ медиктæмæ ку фæдздзорунцæ, уæд сæ бахъæртуни рæстæг исуй финддæс минуттей уæнгæ. Фал лæдæрун гъæуй уой дæр, æма фулдæр фидбилизæрцудтитæ сахартæн сæхе хурфити ке фæуунцæ, уой дæр. Специалисттæ куд зæгъунцæ, уотемæй ахид багъæуй вертолети агъаз. Е ба уобæл дзорæг æй, æма аци гъуддаги дæр лухкæнуйнаг фарстатæ нерæнги ма дзæвгарæ ес.

Надгæрон агъаздæттæг пункттæ дæр нæмæ нерæнги ма хъæбæр æстæн æнцæ, уæдта уæхæн рауæнти дохтирти бригæдтæ еудадзуг дарун дæр зин æй, уомæн æма тагъд агъаздæттæг дохтиртæ хъæртгæ дæр нæ кæнунцæ.

Ами дæр бабæй фарста фæддууех æй: фулдæр фæрæзнитæ дех кæнун гъæуй нæдтæбæл медицинон инфраструктурæн – агъаздæттæн пункттæ аразунæн, вертолеттæ æма син æрбадæн фæзтæн, реанимацион хуæдтолгитæ… Кенæ ба нæдтæн сæхе уотæ аразун гъæуй, цæмæй сæбæл фидбилизæрцудтитæн бунат ма уа, ку уа, уæдта хъæбæр æстæн. Стратегий ци финст ес, уомæ гæсгæ, гъулæггагæн, бæлвурдгонд нæма ’й...

Цард куд бавдиста, уотемæй надбæл фидбилиз ку ’рцæуа, уæд си ци адæймаг бастъæла, уомæн æвæстеуатæй фæййагъаз кæнунгъон æй, надбæл цæуæг бæлццæнттæй æ рази ка фæууа, айдагъдæр е. Ами сæйрагдæр дзубанди цæуй адæймаги цæфæй тог ку цæуа, уæд уой бауорамун æма зæрди цæф цæмæй ма ’рлæууа, уобæл байархайун. Еуæй-еу хатт ба уотæ дæр фæууй, æма адæймаги фæгъгъæуй æррæстæ иннердæмæ рахатун, цæмæй æхе тоги ма фенод уа, кенæ е ’взаг ма ранихъуæра æма ма ниххорх уа.

Специалисттæ куд зæгъунцæ уотемæй, нæдтæбæл фидбилизти ка рамæлуй, уони цуппæрæймаг хаййæн фæййервæзунгæнæн адтæй, хуæрзхумæтæги агъазæй син афонæбæл агъазгонд ку ’рцудайдæ, уæд. Фал еци агъазгъæуагæ адæймаги рази ка разиннуй, уонæй алке фæууй уæхæн агъаз бакæнунгъон?..

Уой фæдбæл социологон службити косгути фарстатæн æрфарст адæмæн айдагъдæр се ’хсæрдæс проценти равардтонцæ, сæ бон ке æй фидбилизи бахаугутæн фæййагъаз кæнун, зæгъгæ, дзуапп. Иннетæ ба загътонцæ: «Мæ бон æй тагъд агъази хуæдтолгæмæ бадзорун, идарддæр ци кæнгæ ’й, уомæн ба неци лæдæрун…»

Уæхæн дзуæппитæмæ гæсгæ уотæ зæгъун дæр æнгъезуй, æма цæмæй алкедæр арæхса фидбилизи бахауæг адæймагæн фæййагъаз кæнунмæ, уой туххæй сæрмагонд курситæ аразун. Бæргæ хуарз уидæ, фал уи баруагæс уæд, е дзæгъæли рæстæгисафæн гъуддаг æй, – неке сæмæ бацæудзæнæй хе зæрдтæй... Уомæ гæсгæ ба, æвæдзи, æргъуди кæнун æнгъезуй æндæр, ахедгæдæр мадзал, цæмæй ни алкæмæдæр дзиллонæй уа фиццаг медицинон агъази арæхстдзийнæдтæ.

## НÆДТÆБÆЛ ÆДАСÆЙ ЦÆУНÆН ХЪОЙРАГ УÆДДÆР ЦИ ÆЙ?..

Нæ абони дзубанди Санати Семи туххæй койæй хумæтæги нæ райдæдтан. Æ фуни цитæ фæууидта, уони Нихæси бадгутæн айдагъ уомæ гæсгæ нæ ракодта, æма сæ дести бафтауа – еуемæй син фегъосун кæнуйнаг адтæй, сæ цардиуаги ци нæуæгдзийнæдтæ фæззиндзæнæй, уой, иннемæй ба син лæдæрун кодта, цæмæй къæрцгъосдæр уонцæ, уомæн æма син еци нæуæгдзийнæдтæ пайдахæссæг дæр уодзæнæнцæ æма зæранхæссæг дæр. Æма уотæ нæй? Зæгъæн, адæм фулдæр хуæдтолгитæй пайда кæнун ке байдæдтонцæ, уомæ гæсгæ. Хумæтæги уоййасæбæл сагъæссаг нæ иссæй нæдтæбæл цæуни æдасдзийнади фарста.

Уой фæдбæл арæзт стратегитæ, бадзурдтæ, концепцитæ æма æндæр уæхæн аллихузон унаффитæ кæд хуарз æнцæ, уæддæр айдагъ уони исфедар кæнунæй нæ нæдтæбæл цæуни æдасдзийнадæ нæ фæррæвдзæдæр уодзæнæй. Цæмæй етæ кæрæйкæронмæ æнхæстгонд цæуонцæ, е ба аразгæ ’й, фиццагидæр, нæдтæбæл ка рауайæ-бауайæ кæнуй, еци бæвурд адæймæгутæй алке хуæрзæгъдаугиндзийнадæй, уæдта нæдтæбæл цæуни фæткитæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уомæ цæстдаргути бæрнондзийнадæй.

Æма нæмæ еци гъуддаг хъæбæр сагъæссаг æй: цæйбæрæ нæмæ ’нцæ ниуæзтгунæй кенæ сæрмагонд барти гæгъæди кæмæ нæ фæууй, уотемæй хуæдтолгитæй ка пайда кæнуй, гъе уони фудæй æрцæунцæ нæдтæбæл фудбæлæхтæ… Æма уой фæдбæл уодзæнæй нæ дзубанди нæ газети идарддæри номерти.

***Æрмæг бацæттæ кодта БИЧИЛТИ Алетæ***

***Иосиф СТАЛИН советон адæммæ æ фæдздзурди (1945 анзи 2 сентябри) загъта: «Дуйнеуон фашизми æма дуйнеуон тухлæбурдтити дууæ артдзæсти исæнтæстæнцæ нури дуйнеуон тугъди размæ: Германий - нигулæни æма Японий – иськæсæни. Гъе етæ ракъахтонцæ дуккаг дуйнеуон тугъд. Гъе етæ адæймагадæ æма уой цивилизаци батардтонцæ сæрисæфти билгæронмæ.***



**Советон уæлдæр æфсæддон разамонгутæ, сæ хæццæ Плити Иссæ дæр, уотемæй Идард Хорискæсæни милитаристон Японий нихмæ тугъди рæстæг.**

# УОДÆЙ – ФЕДÆР, НИФСÆЙ – ÆХСАРГИН!..

«Хъиамæт! Хъиамæти зиндонæ!» – æхенимæр рагъуди кодта Иссæ, уæдта æ бинокль реумæ æруагъта æма æхе фæрсæгау загъта: – Æма хуæздæр ба ци гæнæн адтæй? Кæд æма æз мæхуæдæг дæн фудгин, Пекинмæ æмпурсунмæ уæхæн над ке равзурстон, уомæй? – æ зæрдæ исунгæг æй. Фал фæразон адтæнцæ е 'фсæдтæ, уæлдайдæр ба – æ Улан-Кулантæ. (Улан-Кулан – мангойлаг адæмон аргъæутти – цæхæр бæх.)

Исси къуар æмпурста Пекинмæ, дууæ надебæл. Фиццаг – Долоннор æма Жэхэйбæл, дуккаг – Калгани трактбæл. Советон-мангойлаг æфсæдти командæгæнæг Плити Иссæбæл æвæрд æрцудæй, аци тугъдон ахсгиаг æма зинбакæнæн ихæс: Пекинмæ æмпурсгæй гъæуама ниппурхæ кодтайуонцæ Гуйсуйи къниаз Дэ-вани æма Японий æфсæдти дивизити, Калгани Суйюани æфсæдти, Жэхэйи ба гъæуама басастайдæ æма райстайдæ уацари япойнаг хонсар-нигулæн æрдигæй æфсæдти къуари æд штабтæ æма Маньчжоу – Гойи 5-аг æфсæддон округ.

Аци ихæс æнхæстгонд æрцудæй, зæгъгæ, уæд Китайи сæйрагдæр сахар Пекинмæ, япойнаг æфсæдти цæгатаг фронти штаб кæми адтæй, уордæмæ нæдтæ ист æрцудайуонцæ, уотемæй Плийи-фурти æфсæдтæ дууæ дехи фæккодтайуонцæ Японий еугур æфсæдти дæр. Уой хæццæ ма Исси бæхгин механизацигонд корпустæ знаги нимпурстæй гъæуама гъæуай кодтайуонцæ Мукденмæ æмпурсæг фæсбайкали фронти æфсæдти рахесæрдигæй фарс.

Æма Иссæ фæсмон нæ кодта, е 'фсæдти æмпурсæн над Гобий итигъд будуртæбæл æма Устур Хинганбæл ке исаразта, уобæл. Е лæдæрдтæй, знаги æфсæдти командæгæнгутæ куд гъуди кодтонцæ, уой. Маньчжоу-Гойи æфсæддон министр Син Жи-лян дзурдта:

– Гобий будурти æфсæдтæ нæ, фал хуарз цæттæ теуатæ ракæнун дæр неке бон бауодзæнæй, æ нифс дæр неке бахæсдзæнæй. Е æдзард Гобий нимадта, басæттæн кæмæн нæййес, уæхæн æрдзон федарбæл. Уотæ нимадта Монголий Калганбæл денгиз æрдæмæ ци над рацæуй, уой дæр. Уой ба уомæн æма 'й гъæуай кодтонцæ Дэ-вани æфсæдтæ, адтæй тухгин федаргонд. Фал фæррæдудæнцæ япойнаг министр æма æ инæлартæ. Гобий сугъд будуртæбæл æма æвæндаг Устур Хингани хуæнхтæбæл е 'фсад ка ракодта, уæхæн æфсæддон раздзæуæг фæззиндтæй. Е адтæй инæларболкъон Плити Иссæ. Æфсæдтæ æхсæз бони æма æхсæз æхсæви æнæруолæфгæй тухтонцæ æмпурсæн нæдтæбæл æма рацудæнцæ размæ авдсæдæ километрей бæрцæ.

### ДÆ НИХМÆЛÆУУÆГБÆЛ ХИЙНÆДЗИЙНАДÆЙ ФÆТТУХГИНДÆР УН – СÆРÆНДЗИЙНАДÆ ÆЙ

Æфсæдти фулдæр хай исхизтæй Устур Хингани рæгътæмæ æма уордигæй фæуурдуг кодта Жэхэйи фæхстæбæл.

Бауолæфунмæ, сæхемæ базелунмæ рæстæг гъудæй, командæгæнæгæн ба нæ адтæй уæхæн фадуат. Сахатти бæрцæ байрæги кæнун дæр æрхайстайдæ берæ зиантæ. Жэхэйи федари командæгæнæг ку базудтайдæ Исси æфсæдтæ æрбахæстæг æнцæ, уой, уæд гарнизон фæдесæй æхе æрцæттæ кодтайдæ тугъдмæ æма... Æма уæд тог калдайдæ лæсæнтæй... «Нæ, уæхæн бæлах æруадзæн нæййес! Фæллад, стонг æфсæдти æвеппайди тугъдмæ бауадзæн нæййес!..»

Ракастæй Жэхэйи 'рдæмæ. Нæййес, нæма зиндтæнцæ æсгаргутæ. Фал мæнæ цæститæбæл рауайуй, Европи ци уæззау тугъдон хузтæ фæууидта, уонæй фуддæртæ.

Устур Хингани фудаг бæдолæ – цæугæдон Луанхэ дууæ хатти фæуустурдæр æй уаруни донæй, ракалдæй æ билгæрæнттæй æма æртхъерæн кæнуй: «Хæстæг маке цæуæд, денгизи уолæнти æй фæммедæг кæндзæнæн!»

– Донласт исцъифæ унæй нæбал тæрсуй, – игъустæй Иссæмæ кедæр дзубандитæ:

– Устур Хингани бæрзæндтæбæл ку фæхъхъаурæгиндæр ан... Размæ! – Æма æ цъæх бæх бор лæкъун дони тæмæнмæ фæййаразта. Бæх дони балæгарста æма си ранихъулдæй, нæбал зиндтæй, ферттивта ма бæхгини уæлдзарм ходи сурх къоппа. «Инод кæнуй!» – зæгъгæ, куд рагъуди кодта Иссæ, уотæ ба дин бæх æ сæр фæхъхъел кодта дони астæуæй, бауорæдта 'й, уотемæй иннæ фарсмæ банакæ кодта...

– Мæ фæсте, Улан-Кулантæ! – фæгъгъæр кодта уæд еу бæхгин æма æ сау бæх батардта дони...

Исси рази сæ бæхтæ фæууорæдтонцæ æртæ бæхгини.

– Жэхэмæ – ардигæй дууадæс километри, – зæгъуй сæ хестæр, саулагъз, тумбулдзæсгон лейтенант:

– Сахармæ надбæл знаги æфсæддон гъæуайгæнæг пост дæр некæми ес... Не 'сгаргути сосæггай фæммедæг кодтон сахармæ, æ гарнизон æма федæрттæ куд æвæрд æнцæ, уой лæмбунæгдæр исбæрæг кæнунмæ. Сахарти уæлдай æзмæлд нæййес, сабур æй бæстæ... Æвæдзи, япойнаг командиртæ зонгæ дæр нæма бакодтонцæ, мах сæ уæлгъос лæууæн, уой. Мæнæ æвдесæн дæр сахари цæргутæн... Нæдтæ хуарз зонуй. Байагъаз нин кæндзæнæй.

– Хъæбæр хуарз, Тлаттифурт, – игъæлдзæгæй зæгъуй Иссæ æма фæккастæй «иуазæгмæ». Рацæргæ къæсхуртæ лæг бахудтæй хецаумæ æма ин æ сæрæй ракувта.

Раззагдæр æфсæддон хæйтти Жэхэйбæл нимпурстмæ æвæстеуатæй куд райвæрун гъæуй, уой байамудта Иссæ е штаби хецауæн, уæдта фарста сахари хабæрттæй æсгаргутæ ке æрбакодтонцæ, еци китайаги. Е ард хуардта, соми кодта, Жэхэйи ке некема зонуй уруссаг æфсæдтæ сахармæ æрбахъæрдтæнцæ, уой. Æнгъæлмæ уæмæ кæсунцæ, уарунтæ ку банцайуонцæ, уæдмæ. Уæхæн уаруни рæстæг, дан, Устур Хингани хуæнхтæбæл цъеу дæр нæ ратæхдзæнæй...

Бауæндун æнгъизтæй китайаги дзубандитæбæл. Æсгаргутæ дæр, мадта мæнгæ хабæрттæ не 'рбахастайуонцæ. Æма æвеппайди нимпурст нурттæккæ адтæй уæлахези сæйрагдæр мадзал. Фал куд? Цæмæй раззагдæр дивизитæ æма артиллерий полктæ сахармæ бахæстæгдæр адтайуонцæ, уомæн æртæ-цуппар сахаттемæй минкъийдæр рæстæг нæ багъудайдæ. Уæдмæ япойнаг командæгæнгутæ базудтайуонцæ, советон æфсад сæ уæлгъосмæ 'рбахъæрдтæнцæ, уой æма уæд сæхе фæдесæй æрцæттæ кодтайуонцæ тугъдмæ.

Еци сахат командæгæнæги сæри зилдæнцæ аллихузон гъудитæ æма фæндитæ. Кæцибæл си æрлæууа? Кæци си хуæздæр уодзæнæй? «Цæуон мæхуæдæг мæ гъæуайгæнгути хæццæ япойнæгти штабмæ æма знаги командæгæнæгæй байагордзæнæн барвæндонæй капитуляци: знаги æфсæдтæн сæ хестæри æртасун кæнон тохæнгæрзтæ æнæ исесгæй æрæвæрунмæ. Мæ хæццæ ракæндзæнæн «Катюшити» дууæ машини. Уотæ! Ци уа, е уæд, фал уотæ!» – еци расагъæс-басагъæстæн искæрон кодта æма уоййадæбæл цæхгæрмæ ралух кодта Иссæ.

... Хуæнхти гъæбеси æвæрд Жэхэйи гъæунгтæ. Сахари адтæй сабур. Хуæдтолгæ ковæндони рæзти бацудæй. «Кæми уодзæнæй гарнизони штаб?» – зæгъгæ, Иссæ куд гъуди кодта, уотемæй хуæдтолги кæсæн авгæй рауидта япойнаг æфсæддон патрульти. Етæ æнæмæтæй бонуоддæр кодтонцæ астæуккаг гъæунги.

– Сæ рази æрлæууæ, – исдзурдта Иссæ æ шофермæ æма ин къохæй райамудта патрули æфсæддонтæмæ.

– Кæд нæ гъæуй? – загъта сержант Король. Иссæ ин дзуапп ку нæ равардта, уæд шофер æвеппайди фæууорæдта «газик». Æ хуæдфæсте æруорæдтонцæ фæрсæй-фарсмæ «Катюшити» шофертæ дæр æма сæ хуæдтолгитæй гъæунгæ æрæхгæдтонцæ. Япойнæгтæ нæ балæдæрдтæнцæ, ци æрцудæй, уой æма сæ бунæтти сахæй райзадæнцæ.

Адъютант Семенидо тæлмацгæнæги хæццæ рагæпп кодта, бауадæй патрульмæ æма сæ рафарста, гарнизони штабмæ хæстæгдæр над кæбæлти ес, уомæй. Дзуапп ин ку равардтонцæ, уæд сæ къехæй фæууагъта æма фæстæмæ хуæдтолги исбадтæй.

Нур рараст уонцæ, уотæ хæстæгдæр хæдзари тургъæй райгъустæй уруссаг гъæр:

Уайсахат сæ рази февзурдæнцæ æсгаргутæ æма дууæ æфсæддони. Сæ еу рапорт равардта: – Æмбал командæгæнæг, горæти ес япойнаг æфсæддон хæйттæ. Нуртæккæ етæ 'нцæ федари, уартæ сахари цæгатæрдигæй кæрони... Гарнизони штаб æй федари фæзи, æ еу хай ба федарæн æхе медæгæ... «Мах æсгаргутæ 'нцæ центри...»

Иссæн æхцæуæн адтæй, Жэхэйи гарнизон ке нæма зудта æ абони уавæр, æма федарæй загъта:

– Уæ командирæн зæгъетæ, нуртæккæ япойнаг штаби рази куд уа, уотæ. Æз уодзæнæн уоми. Уæ уавæр лæдæретæ æма архайетæ, уомæ гæсгæ уин куд архайгæ æй, уотæ!..

– Уотæ! – фæгъгъæр кодта æсгаргути хестæр æма фæстæмæ балигъдæнцæ, ци хæдзарæй рацудæнцæ, уордæмæ.

### «КÆД ДÆХЕ БАРВÆНДÆЙ НÆ ДЗОРИС, УÆД ДÆ ÆЗ ИСДЗОРУН КÆНДЗÆНÆН!..»

Хуæдтолгитæ цудæнцæ амунд бунатмæ Исси «виллиси» фæсте æма сæ уиндæй устур десбæл æфтудтонцæ, сахари цæргутæй сæ ка уидта, уони.

Китайаг хæдзарæ æ сæр пакатæй хæрдмæ дардта, урух фæзæй уæларвмæ ковæгау штаби тургъи дуари рази лæудтæй гъæуайгæнæг æма æнахур иуазгутæмæ кæсгæй райзадæй...

Дуари нихмæ æрлæудтæнцæ машинттæ.

– Майор Шведов, капитан Семенидо, штабæй мæ размæ ракæнетæ япойнæгти хестæр хецауи!

Бардзурд исæнхæст кæнунмæ рагæппитæ кодтонцæ афицертæ æма фæрраст æнцæ штабмæ. Фал сæ медæмæ бацæуун нæбал багъудæй: япойнаг афицертæ къуаремæй рацудæнцæ æнæнгъæлæги фæззинд «иуазгути» размæ. Сæ разæй десгæнгæй цудæй цубургомау «цуппарцæстгин» болкъон.

Иссæ хуæдтолгæй æрхизтæй æма сæ рази æрлæудтæй, уотемæй сæмæ æнæдзоргæй гъунтъуз æрфугæй кастæй. Балæдæрдтæнцæ уавæр япойнæгтæ æма сæ фæндитæ сæ хъури фæббадтæнцæ, фæлорсæй кастæнцæ советон æфсæддонтæмæ. Мæстæй цæхæр калгæ цæстингас болкъон Иссæмæ исаразта, фал ин æ цæстингас нæ бауорæдта æма имæ хæстæгдæр бацудæй, уотемæй ба æ рази æгомугæй æрлæудтæй.

**Астинсæй анзей размæ (1945 анзи 18 августи) 2-аг Идардскæсæйнаг æма Сабурфордаг флоти æфсæдтæ æнтæстгинæй исаразтонцæ милитаристон Японий æфсæдти нихмæ размæмпурсæн операци.**

*Дуйнеуон тухлæбурдтити артдзæстæ нигулæни кунæггонд æрцудæй цуппар мæйей размæ, æма Германи барæ-æнæбари дæр исарази æй, састи бунати ке 'й, уобæл. Уомæй цуппар мæйей фæсте ба кунæггонд æрцудæй дуйнеуон тухлæбурдтити артдзæстæ искæсæни, æма уотемæй Япони Германий сæйраг æмцæдесон дæр барæ-æнæбари дæр бафинста æ бунсасти фæдбæл акт...»*



## «ÆНÆ ИМПЕРАТОРÆЙ РАЙЗАДАЙТÆ, ÆМА УÆ КАРНИ ХАБÆРТТÆ УÆХЕЦÆЙ АРАЗГÆ 'НЦÆ...»

Иссæ дæр имæ ци æдзинæг цæстингасæй кастæй, уомæй бæрæг адтæй е 'нæуинондзийнадæ дæр æма тингун фарст дæр: «Де 'взаг ранихъуардтай æви мæмæ ци нидздзангъир дæ?.. Иссæ ма æ меднимæри загъта: «Æз дæ исдзорун кæндзæнæн»...

Япойнаг, æвæдзи, балæдæрдтæй Исси меднимæр гъудитæ æма, æхе æдасхузæй даргæй, загъта:

– Æз дæн болкъон, дивизий командир æма гарнизони хецау... Сумах ба ка айтæ, ами ци гъуддаги фæдбæл айтæ?

– Æз дæн æрвист советон командæкæнуйнадæй. Домун уи капитуляци æнæ уæлдай дзубандитæй. Мæ фæнди нихмæ æрлæуун уодзæнæй уæ исæфти къахдзæф! Бустæги æнæзунд гъуддаг! Уæ сахарбæл æртухстæнцæ советон æфсæдтæ!

– Гъо, фал... – болкъон æ дзубанди æрдæгбæл фескъудта æма фæстæмæ фæккастæй. Иннæ афицертæй дæр еу болкъон исæвгун къахдзæфтæй æрбахæстæг æй æма Исси рази сагъдау æрлæудтæй, уотемæй дзоруй:

– Æз дæн æрвист ардæмæ Японий генералон штабæй! Игъосун уæ домæнтæмæ.

Тæлмацгæнæг балæдæрун кодта Плийи-фурти домæнтæ япойнæгтæн. Æ хузæбæл бæрæг адтæй, генштабист мæстæй æма фæсмонæй куд ниддæнгæл æй, е æма рæстмæ дзорунмæ нæбал арæхстæй, уотемæй исдзурдта:

– Дууæ къуæрей æмгъуд нин раттетæ. Еци æмгъудмæ 44-аг æфсади командæгæнæгæн мах фегъосун кæндзинан уæ домæнтæ æма базондзинан уæлдæр командæгæнæги, уæдта Японий императори фæндитæ капитуляций туххæй æма уин уæд дзуапп ратдзинан.

– Ду, господин генштабист, гъæуама зонай, Японий хецауадæ ке фехалдæй, уой? – мæстгундæрæй загъта Иссæ:

– Судзуки уин премьер-министр нæбал æй... Уе 'фсæддон министр Анами æхе рамардта... Уой бафæнзтонцæ Японий уæлдæр æфсæддон совети иуонг инæлар Иосо Синодзука æма «бæрзонди бадæг» цалдæр инæлари... Капитуляций туххæй барæ кæмæй ракорайтæ, уæхæн уæмæ нæбал ес. Уæхуæдтæ ралух кæнетæ уæ карнæ... Уæ гарнизон æма сахар мах æрахæстан къæппæги!

– Нæ император нæбал æй, зæгъетæ? – туххæй исдзоргæй загъта генштабист.

Иннæ япойнæгтæ дæр дортæ фестадæнцæ, уотемæй лæудтæнцæ. Ауæхæн уавæри æнæнгъæлæги ке бахаудтæнцæ, уомæй фæссах æнцæ, æвæдзи, дзорунгъон нæбал адтæнцæ. Фал сæхемæ ку æрцæуонцæ, уæд ци унаффæ кæндзæнæнцæ, е ба бæрæг нæма адтæй.

– Еу хатт ма уин зæгъун: исарази уотæ капитуляцибæл æма раттетæ уе 'фсæдтæн бардзурд, сæ тохæнгæрзтæ куд æрæвæронцæ æма сæхе уацари куд раттонцæ, уотæ.

Генштабист, æ дæндæгути къæс-къæс цудæй, уотемæй хæстæгдæр æрбалæудтæй Исси размæ æма имæ бакастæй. Фæстеггæй фæццудæй хуæдтолги мотори гув-гув æма Исси рази æрбалæудтæй æ зонгæ афицер – артиллерист, æфсæддон салам равардта, æма япойнæгти зæрдитæ бустæгидæр куд рауазал адтайуонцæ, уотæ гъæрæй рапорт лæвардта:

– Æмбал командæгæнæг, нæ дивизитæ æрлæудтæнцæ Жэхэй федари районбæл æма цæттæ æнцæ штурмæй нимпурсунмæ... Жэхэмæ æрбацæуæн æма рацæуæн нæдтæ дæр ист æрцудæнцæ æма сæ æрæхгæдтан.



**Советон уæлдæр æфсæддон разамонгути æмбурди – маршæл Александр Василевскийи фарсмæ æ рахесæрдигæй бадуй Плити Иссæ.**

Иссæ нæ тагъд кодта капитан Рагулини рапортмæ ести зæгъунбæл, кастæй япойнæгтæмæ, уæхæн хабар бабæй сæмæ куд бахъæртдзæнæй, уой базонун æй фæндадтæй.

## ПЛИЙИ-ФУРТИ ÆХСАРГИНТÆ «ÆНÆБАСÆТГÆ» ФЕДАР БАЙСТОНЦÆ УАЙСАХАТ

Дивизий командир, Жэхэй федари хецау Никамура хъæбæрдæр рафæлорс æй, уотемæй бакастæй тæккæ уæлдæр штабæй æрвист болкъонмæ æма, ку балæдæрдтæй, уомæн фурмæстæй æ хъур фехгæдта, дзорун æ бон нæбал æй, уæд уруссаг дзурдтæ галеумæ кæнгæй райдæдта дзубанди кæнун:

–- Уотæ. Уавæртæ куд уинун, уотемæй си капитуляцийæй хуæздæр гæнæн нецибал ес... Арази ан мах нæ тохæнгæрзтæ æрæвæрунбæл уæхæн домæнти хæццæ: фиццаг – капитуляци гъæуама нимад уа кадгинбæл. Афицертæ сæхе барæ куд байзайуонцæ, сæ тохæнгæрзтæ æма сæ цинтæ ист куд æрцæуонцæ, уотæ. Дуккагæй ба сумах æрдигæй мах хæццæ капитуляций уавæрти туххæй гъæуама бафедауа, æ цин æма æ бунат мæ цинæй æма мæ бунатæй уæлдæр кæмæн уа, уæхæн æфсæддон хецау. Сумах æй зонетæ, уотæ ку нæ уа, уæд æз уодзæнæн цард-цæрæнбонти ходуйнаги бунати...

– Дæ фиццаг домæн, господин болкъон, еугурæй не 'сæнхæст уодзæнæй... Фал уæ цард æдас ке уодзæнæй, уобæл уин æз дзурд дæттун, – æ цæстæ дæр нæ фæнникъулдта, уотемæй дзуапп лæвардта Иссæ. – Дæ дуккаг домæн æнхæст æй: дæ рази – Советон Æфсади инæлар – болкъон Плийи-фурт.

– О, о, о! – цума ин хъæбæр æхцæуæн адтæй Плийи-фурти фæууиндæ, уотæ æхе исæлваста генштабист æма загъта: – Мах дæ фæсауонмæ хуарз зонæн, дæ бæрзонддзийнадæ! – Уæдта æ дууæ къохи дæр Хуцаумæ ковæгау хæрдмæ исдардта æма æ суф-суф иссудæй. Е ба, дан, суф-суф кæнун, япойнæгтæн уæлдæр цийнæдзийнадæбæл нимад æй.

– Е ба уомæй хуæздæр, – загъта Иссæ, æ ходун уорамгæй. – Дууæ сахаттей æмгъудмæ уæ гарнизон бацæттæ кæнетæ æ тохæнгæрзтæ æрæвæрунмæ æма уе 'фсæдти махмæ уацари раттунмæ... Дууæ сахаттей фæсте, кенæ раздæр, уæ парламентертæ 'рбацæуæнтæ мæнмæ ковæндонæмæ. Уоми ралух кæндзинан еугур фарстатæ дæр.

– Хуарз, дæ бæрзонддзийнадæ, – загъта болкъон æма бабæй æ къохтæ хæрдмæ исдардта, залиаг хелагау суф-суфгæнгæ.

Иссæ исбадтæй æ хуæдтолги æма рацудæй æ корпусти раззагдæр дивизитæбæл æрзелунмæ. Тог нæ никкалгæй æ къохи устур уæлахездзийнадæ ке бафтудæй, уобæл бустæги нæма бауæндтæй æма бæрæг кодта æ дивизити цæттæдзийнадæ Жэхэйи федар райсунбæл тохмæ.

Жэхэйи ци цау æрцудæй, уой думгæ æскъафта Плийифурти разæй е 'фсæдтæмæ æма сæ деси æфтудта сæ командæгæнæги нæуæг æскъуæлхтдзийнадæ... «Æ нифс куд бахаста комкоммæ, знæгти астæумæ бацæунмæ? Куд ин бантæстæй сахар æма устур федар æнæ еу гæрахæй райсун?..»

Японий æфсæдтæй уацари ист æрцудæнцæ дæс минемæй фулдæр салдæттæ æма афицертæ. Уони хæццæ сæ къохи бафтудæнцæ федари берæ тохæнгæрзтæ, мулки æфтауцуæттæ æма еугур хуæлцæ дæр...

Жэхэйи райстæн адтæй устур оперативон-стратегион ахедундзийнадæ: ардигæй байгон æнцæ Пекинмæ æма денгизи билгæрæнттæмæ нæдтæ. Советон-мангойлаг еумæгонд æфсæдтæ, идарддæр æмпурсгæй, Ляодуни билгæрæнттæ æрахæстонцæ æма æмпурстонцæ Пекин иссæребарæ кæнунмæ.

Иссæ ма рафæстеуат æй, æнæ еу гæрахæй ци федар райста, уоми, кастæй ин æ лæмбунæг арæзтмæ.

## «УАНÆБÆРÆГ ЦÆБÆЛ ÆЙ УÆ ДЕС, МÆ ЦÆРГÆСТÆ?..»

Жэхэйи федар япойнæгтæ рагæй цæттæ кодтонцæ дæргъвæтийнæ тугъдмæ. Æ бæзгин æма бæрзонд фæрсти 'хсæн – аэродром, истæхæн фæзæ æма си хуæдтæхгутæ «салдæй» лæудтæнцæ сæ бунæтти; танкитæ лæуунцæ рампурсун æрвонгæй, лæуунцæ хецæн мæсгути – сæдæгай дзармадзантæ, минометтæ, пулеметтæ: федари хурфи – тохæнгæрзти æма аллихузон хуæлци дууæ æма дууинсæй гъæздуг къæбеци...

Берæ рæстæгмæ тугъди гарнизони цидæриддæр багъудæй, уонæй алцæмæйдæр адтæй хуæрзефтонг... Æ къазарматæ дæр æ хурфи...

Гарнизони штаби Иссæ баййафта сахари нæуæг комендант æ инæлартæй еу – комдив Коркуци. Æ рази ци афицертæ бадтæй, етæ цæмæдесæй кастæнцæ циуавæрдæр картæмæ. Плийифурти ку рауидтонцæ, уæд фестадæнцæ. Иссæ сæ фæстæмæ 'рбадун кодта æма сæ бафарста:

– Уанæбæрæг цæбæл æй уæ дес, мæ цæргæстæ? – Æма картæбæл æ цæстингас рахаста: – Æз дæр æй фиццаг ку фæууидтон, уæд мæ фæхходун кодта, æма ходæг дæр куд нæй! Æркæсайтæ ин æ сæргондмæ æма хуарæнтæмæ: «Японий империй Нигулæн устур колони...» Хурст адтæй цъæх хуарæнтæй... Япони æхуæдæг ци хузæн адтæй, уотæ. Империй арæнти географий картæ куд амудта, уотемæй Японий паддзахади арæн ралух æй... Урали хуæнхтæбæл...

– Æгæр мæгур! Агрессортæн сæ фæндитæ исæнхæст æнцæ, зæгъгæ, уæд Советон Цæдеси зæнхæн е 'рдæг нур адтайдæ Японий империалистти колони, – бахудтæй афицертæй еу. – Ка исгъæла 'й, уæхæн лæборгути сæнттæ!

– Япони сæ паддзахади хумæтæги нæ хонунцæ «Сæуæхсед Хори Бæстæ», – æ медбилти бахудтæй Иссæ дæр. – Берæгъ, дан, æ кæнон къалеубæл нæ уадзуй. Фал си кæд нур феронх уиуонцæ сæ сæнтдзæф пъланттæ æма сæ фунтæ Урал æма Идард Хорискæсæн сæхе бакæнуни туххæй!..

Идарддæр, Пекинмæ æмпурсгæй, Иссæ базудта иннæ фронтти хабæрттæ дæр. Инæлар Кравченкой танкити гвардион æфсад æмпурста æдæрсгæ. Исси æфсæдтæ дууæ дехи фæккодтонцæ Японий империй еугур тугъдон тухти дæр. Цубурдзурдæй, Иссæ е 'фсæдти ахсгиагдæр ихæс исæнхæст кодта æмгъудæй къуæре раздæр æма сæйрагдæр командæгæнæгæй райста зæрдиаг арфитæ...

Кравченкой гвардионтæ райстонцæ Маньчжурий сахартæй Банту, Синьминь, Ляошань æма Чанчун, уотемæй æдæрсгæ æмпурстонцæ размæ. Идардскæсæйнаг 1-аг æма 2-аг фронттæн дæр хъæбæр æнтæстæй размæ æмпурсун Сабур океани тугъдон флоти агъазæй...

Инæлар Притуло ба уæлдæфон десант багæлста Мукденмæ. Десанти архайдтонцæ айдагъдæр дууæсæдæ тугъдони автоматти хæццæ.

Автоматчиктæ æрахæстонцæ аэродром... Десантонти десбæл бафтудта еу гъуддаг: аэродромбæл тох ку исцирен æй, уæд кæцæйдæр æрбайервазтæнцæ фондз япойнаг кунæггæнæги, арви исмедæг æнцæ дзæвгарæ, аэродроми сæрмæ æрзилдæнцæ, уæдта сæхе фæд-фæди уагътонцæ зæнхæмæ æма си нихъулдæнцæ.

Мукдени аэродроми ма аци бон адтæй æндæр цау дæр: æ азгъунститæй еу къуми тарст цæф сирдау нимпулдæй Маньчжурий император Пу-И æма е дæр ист æрцудæй уацари, нæбал бахъæрдтæй Токиомæ. Æ курдиадæ ма адтæй, цæмæй æй советон тугъдонтæ ма раттонцæ япойнаг æфсæдти къохмæ.

## СУРХ ÆФСАД ЗНАГИ ФУДВÆНДИТÆ БУСТÆГИ ФЕХАЛДТА...

Аэродромæй инæлар А.Д. Притуло æ автоматчикти хæццæ рандæй Мукденмæ, япойнаг 3-аг æфсади штабмæ æма ин æ командæгæнæгмæ равардта Фæсбайкали фронти номæй ультиматум. Инæлар Усироку Дзюн исарази æй капитуляцибæл æма ин райста æ домæнтæ. Десантонти бацудбæл Мукдени цæргутæ исæмбалдæнцæ устур цийни хæццæ.

Еци рæстæг болкъон Артеменко дæр батахтæй Чанчуни аэродроммæ æма Квантуни æфсади штаб бæл исæмбæлун кодта советон æфсади домæн. Финст си адтæй, зæгъгæ, Япони Маньчжурий саст æрцудæй æма е 'фсæдти куд бацæттæ кæна æ тохæнгæрзтæ æрæвæрунмæ æма сæхе уацари раттунмæ...

Ахсгиагдæр цау ба адтæй Идардскæсæйнаг фронтти сæйрагдæр командæгæнæг, Советон Цæдеси Маршæл А.М. Василевскийи фембæлд 19 августи. Цалдæр сахатти фæттæрхон кæнуни фæсте япойнæгтæ райстонцæ капитуляций домæнтæ æма сæ къохтæ æрæвардтонцæ гæгъæдибæл.

***(Уодзæнæй ма).***

**Астинсæй анзей размæ (1945 анзи 16 августи) 1-аг Идардскæсæн фронти æфсæдæ æма Сабурфордаг флоти десантонтæ Цæгат Корейи сахар æма Денгизон порт Сейсин (Чхонгжин) исуæгъдæ кодтонцæ япойнаг æрбалæборгутæй.**

*На приеме у врача:*
*– Доктор, какое лекарство является одновременно антисептиком, болеутоляющим и противовоспалительным?*
*– Водка, голубчик.*

***

*Объявление: «Увеличение груди, губ, ягодиц и других частей тела. Без операции. Обращаться к пасечнику Кузьме Петровичу.*

***

*Доктор, у меня хорошее настроение: хочу ходить по кафе, магазинам и покупать все, что нравится! Что со мной!*
*– Это у вас зарплата... пройдет.*

ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ

# ДОН НИУАЗУН ПАЙДА ÆЙ, УÆЛДАЙДÆР – СÆРДИГОН

***Тæвдæ бæнтти дохтиртæ амонунцæ дон фулдæр ниуазун. Фал æй куд гъæуй ниуазун? Куд рабæрæг æй, уотемæй е дзæгъæли хумæтæги гъуддаг нæй.***

Ахургæндти дзубандимæ гæсгæ, тæвдæ бæнттæ ку ралæуунцæ, уæд организмæн дон нæбал фæффагæ кæнуй æма еци гъуддаг æнæнездзийнадæн хæссуй устур зиан, уомæн æма организм 70 процентемæй æй донæй арæзт. Уæлдай тæссагдæр æй, адæймаг æхуæдæг ке нæ фæллæдæруй, æ организм донгъæуагæ æййафуй, уой. Мадта беретæ, æдонуг син æй, уой ефстаг хаттæй уæлдай лæдæргæ дæр нæ бакæнунцæ, æма е æй никки тæссагдæр.

Дохтиртæ куд зæгъунцæ уотемæй, организми ци биохимион процесстæ цæуй, етæ агорунцæ берæ дон, уомæ гæсгæ 'й гъæуй ниуазун берæгæйттæй. Дон ке нæ фæффагæ кæнуй, уой фудæй хæлæрттæ хуарз нæбал фæккосунцæ, сæри рист исахид уй, бауæри цъарæ сор æма дирзæг кæнун райдайуй, адæймаг еудадзугдæр æхе фенкъаруй лæмæгъæй. Уавæр уой уæнгæ цæмæй ма 'рцæуа, уой туххæй уæ зæрдæбæл бадаретæ: дон ниуазун гъæуй, æдонуг мин æй, зæгъгæ, адæймаг ку балæдæруй, айдагъ уæд нæ, фал имæ æгириддæр ку нæ цæуа ниуазун, уæддæр. Уомæй уæлдай, зæрдæбæлдаруйнаг æнцæ дон ниуазуни æртæ ахсгиаг уагæвæрди.



**Фиццаг.** Сутки дæргъи дон ниуазун гъæуй уотæ: уазал рæстæги – 1-1,5 литри, тæвдæ бони ба – 2,-2,5 литри. Дони аци бæрцæ гъæуй æмхузон дехтæ никкæнун æма 'й уотемæй ниуазун бони дæргъи, æцæг изæрæй æма æхсæвæ – нæбал.

**Дуккаг**. Сатæг рауæн уогæй, ниуазун гъæуй сатæг дон, тæвдæ рауæн ба – гъаргомау дон. Уазал, уæлдайдæр ба ехгин дон ахсæни, зæрди куст ихалгæ кæнуй, хъуртæ ба фæррæсун кæнуй.

**Æртиккаг.** Дон ниуазун гъæуй хуæрди фæсте нæ, фал уой размæ. Уотемæй æдонуг хъæбæрдæр сæттуй, уæдта адæймаг кæнуй фудхуздæр, ахсæни куст дæр фæууй нивæбæл.

Адæймаг æдонуг хъæбæрдæр кæнуй:

– адгин дæнттæй – берæ сæкæр си ке ес, уомæ гæсгæ;

– карз ниуæзтæй – е организмæй дон æндæмæ хъæбæрдæр цæун кæнуй;

– къофийæй – е дæр организмæй дон æндæмæ цæун кæнуй, дони хæццæ ба рацæунцæ гъæугæ бауæргъæдтæ дæр. Еугуремæй хуæздæр æдонуг сæттунцæ:

– уæхуæдтæ хæдзари ке исцæттæ кæнайтæ, уæхæн донгъæдæ – дони еу литрбæл никкæнун гъæуй еу лимони лæмарæн, ниггæлдзæ си дууæ едуги 'дзаг бетъина æма еу устур едуги 'дзаг муд. Еумæ сæ исхæлæмулæ кæнетæ, уотемæй дон еуцæйбæрцæдæр рæстæг бауадзетæ, уæдта 'й ниуазетæ;

– морс – гагарæзи, зæгъæн, хæлæрдзийæй, мæнæргъи кенæ туацъинæмуги еу агувзæбæл никкæнетæ еу литр дон æма 'й уотемæй цуппар сахатти бауадзетæ. Ке фæндæуа, уомæн æ бон æй морсбæл муди еу едуг бафтаун;

– кæрдæгути цай – райсетæ бетъина кенæ æндæр хуæрзтæф кæрдæгутæ (душица, мелисса) фæйнæ еу едуги 'дзæгтæ æма сæбæл никкæнетæ 300 грамм фицгæ дон. Цай еу 15-20 минутти бауадзетæ, цæмæй ралæууа, уæдта 'й муди хæццæ цуметæ.

Гъæугæ бæрцитæй ниуазун æнгъезуй:

– минералон дон – тæвдæ бæнтти организм ци гъæугæ микроэлементтæ исафуй, уони банхæст кæнуй;

– цъæх цай – ес си минералон æма æндæр гъæугæ бауæргъæдтæ;

– къумæл – ес си æвзалуй тауæгадæ æма аминотауæгадæ, уони фæрци æдонуг хуарз сæттуй, адæймаги кæнуй иуонгрæуæг, фал, къумæли берæ калоритæ ке ес, уомæ гæсгæ си ниуазун гъæуй минкъий бæрцитæй.

***Медицинон профилактики республикион центр.***

## ХУАСТИ БÆСТИ – ПАЙДА ХУАЙРАГ

Организм искæдзос кæнунæн хуастæ алкæд нæ гъæуунцæ. Фулдæр хæттити фагæ, уæдта хуæздæр æй, пайда ка хæссуй, уæхæн рæзæ, халсартæ æма æндæр хуайраг нæ фингæбæл ахиддæр куд уа, е.

Уотæ, игæр искæдзос кæнунæн хуарз æнцæ къумбул, æпхæ æма куркума;

– ургтæ кæдзос кæнунцæ хуæргæнасæ, лимон æма сельдерей;

– тог кæдзос кæнунцæ гранат, апельсин æма имбирь;

– уолæфæнтæн хуарз æнцæ имбирь, бодæн æма ананас;

– бауæри цъари кæдзосæн агъаз кæнунцæ фæткъу, къумбул æма æпхæ;

– хæлæрттæн хуарз æнцæ хуæргæнасæ, фæткъу æма зайæгой алоэ вера.

## КУД ХУÆЗДÆР ÆЙ?

***Витаминтæ цæмæй хуæздæр агъаз кæнонцæ, уой туххæй сæ ниуазун гъæуй уотæ:***

– витамин D3 – бони фиццаг æмбеси,12.00 сахатти цалинмæ не 'ссæй, уæдмæ;

– магний – фунæй кæнуни размæ (кæд сæ бонæ дууæ хатти ниуазетæ, уæдта сæумæй æма изæрæй);

– цинк – хуæргæ-хуæрун;

– витамин С æма омега 3 – æфсæнæй гъæздуг ка 'й, уæхæн хуæруйнаги фæсте;

– къуар В-мæ хауæг витаминтæ – сæумæй, уомæн æма æнæгъæнæ бонмæ адæймагæн дæттунцæ хъаурæ;

– пробиотиктæ – сæумæй хуæрди размæ.

# СÆРДИ ТÆВДИТИ УÆХЕ ГЪÆУАЙ КÆНЕТÆ!..



***Тъæнгти незтæ 'нцæ уæззау инфекцион хуæцгæ незтæ, уонæмæ хаунцæ: губуни тиф, паратифтæ, губуннез (дизентерия), халерæ æма иннетæ. Сæ расайæг микроорганизмтæ тъæнгтæй ку рацæунцæ, уæд бахаунцæ зæнхæмæ, донмæ, хуæруйнагмæ, уоми берæ рæстæг фæццæрунцæ æма уотемæй адæймаги æнæнездзийнадæн фæуунцæ тæссаг.***

Тъæнгти незтæ расайæг инфекцихæссæг æй аци незтæй сæйгæ адæймаг. Уомæй багъæуай кæнунæн ес, санитарон мадзæлттæ æма гигиени хумæтæг домæнтæ æнхæст кæнгæй. Уони ка не 'нхæст кæнуй, уæхæн сæйгæ цæбæлфæндидæр къохтæй бамбæлгæй ибæл ниуадзуй микробтæ. Уой фæсте ибæл æнæнез адæймаг ку бамбæла, уæд микробтæ байзайунцæ æ къохтæбæл, идарддæр ба гъæлæсмæ бахъæртдзæнæнцæ, уæлдайдæр, адæймаг æ къохтæ ку не 'хсна, æ нихтæ ку 'хсина, уæд. Сувæллæнттæбæл тъæнгти нез ахид бацæфсуй, алцидæр сæ гъæлæсмæ ке есунцæ, уой туххæй. Уотемæй хæлеу кæнунцæ тъæнгти инфекцитæ.

Еуæй-еу хуæруйнæгтæ, зæгъæн, аллихузон салаттæ, паштеттæ, фарш уæлдай хуарз æнцæ микробти парахаттæн. Уæхæн хуæруйнæгтæн уазалгæнæни дæр берæ дарæн нæййес. Губуннез æма тъæнгти æндæр незтæ ахид бацæфсунцæ цъумур рæзæ æма халсартæй. Уæлдай тæссагдæр æй хуæргæнасæй, пъамидорæй, фæткъу æма æндæр рæзæ æма халсартæй, уомæн æма сæ тæвдæ дони нæ фехснунцæ. Тъæнгти незтæ фæззиннунцæ хом æхсир ниуазуни фудæй, сауæнгæ дони фудæй дæр. Уаруни æма æндæр цъумур дæнттæ ахид бахаунцæ, æ сæр хуарз æхгæд кæмæн не 'рцудæй, уæхæн донуæттæмæ кенæ, хуарз арæзт ка не 'рцудæй, уæхæн цъайтæмæ.

Инфекци парахатгæнгутæ 'нцæ биндзитæ дæр. Карз инфекцион тъæнгти незтæй адæм ахиддæр сæйгæ кæнунцæ сæрдигон. Уонæй багъæуай кæнуни мадзæлттæ 'нцæ хумæтæг, фал зæрдæбæлдаруйнаг:

– фиццагидæр, къохтæ алкæддæр гъæуама уонцæ кæдзос, æхснун сæ гъæуй хуæрди размæ, хуæруйнаг кæнуни размæ, сувæллонæн хуæруйнаг даруни размæ, иуазæгдонæй алли рацуди фæсте дæр;

– халсартæ, рæзæ, гагарæзæ хуæрун æнгъезуй, цалдæр донеми сæ ку нихснайтæ, уæдта сæбæл фицгæ дон ку рауадзайтæ, айдагъдæр уой фæсте;

– æ сæр игон кæмæн æй, уæдта, æ уавæр зæрдæдзоргæ кæмæн æй, уæхæн донуат кенæ цъаййæй ниуазуни дон гъæуй фицун;

– æхсир дæр гъæуй фицун;

– кæми цæретæ, еци бунати кæдзосдзийнадæ гъæуай кæнетæ;

– биндзæ хæдзарæмæ ма уадзетæ, хуæруйнæгтæ гъæуай кæнетæ, биндзæ сæбæл куд не 'рбада, уотæ;

– губуннез минкъийдæр бафеппайгæй, дохтирмæ батагъд кæнетæ, адæймаг æхуæдæг æхе дзæбæх кæнун райдайа, уомæн æруадзæн нæййес.

Аци хумæтæг амундтитæ æнхæст кæнгæй, тъæнгти инфекцийæй уæхе багъæуай кæндзинайтæ.

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг. Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00. **E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru. **Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **570.** Заказ **№ 1775** .
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 15.08.2025.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 15.08.2025.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**